



Distributed by Parliamentary Monitoring Trust Zimbabwe
(www.pmtz.org/pmtzimbabwe@gmail.com/[@pmtzimbabwe@twitter](https://twitter.com/pmtzimbabwe))



PFUPISO CHINYORWA

CHEBUMBIRO REMITEMO

REZIMBABWE (KUKADZI, 2013)



CHISHONA

PFUPISO

CHINYORWA CHEBUMBIRO REMITEMO REZIMBABWE

KUKADZI 2013

Nhanganyaya

Komiti yeParamende inoona nezvekuumbwa kweBumbiro reMitemo reZimbabwe yeConstitution Parliamentary Select Committee (COPAC) yakagadzira Pfupiso ino yeChinyorwa Chekupedzisira cheBumbiro reMitemo reZimbabwe 2013 nechinangwa chekubatsira ruzhinji rwevanhu kunzwisisa zviru muChinyorwa ichi. Chinyorwa chakazara cheBumbiro reMitemo chine mapeji zana nemakumi manomwe nemaviri. COPAC yakafunga kuti zvichava nyore kuti munhu anenge asina nguva yekuverenga Chinyorwa chakazara averenge pfupiso ino chete, obva aziva zviru muChinyorwa chakazara.

Pfupiso ino haina zvose zviru muChinyorwa chakazara asi inongotaura nezvezvinhu zvakakoshesesa kuitira kuti muverengi akwanise kuziva kuti ofunga zvipi pamusoro pezviru muChinyorwa cheBumbiro reMitemo.

Nhanganyaya yeChinyorwa

Nhanganyaya yeChinyorwa inotsanangura nekucherechedza kusaenzanirana kwakaunzwa neutongi hweudzvanyiriri, inokoshesa kuzvipira kwevarume nevakadzi vakarwa hondo yekubvisa kusaenzanirana uku. Inotarisa ramangwana nekuzvipira papfungwa yekuti vanhu vagare munyika inotevedza zvido zveruzhinji rwevanhu ine hwaro hwayo pakutevedzwa kwemitemo yenyika, kushanda nesimba, kuremekedzwa nekuwaniswa kwekodzero dzevanhu nemhando dzerusununguko dzakakoshesa, kubatana, zviwanikwa zvedu nekuwaniswa kwebudiriro kuvagari vose vemuZimbabwe.

CHITSAUKO 1

Zvakakoshesa Zvinofanirwa Kucherechedzwa (Zvikamu 1-7)

- Nyika yeZimbabwe ine hwaro hwayo pazvinhu zvinotevera zvakakoshesa uye zvinofanirwa kukosheswa:-
 - Zimbabwe inyika ine mapazi akawanda ari pasi pehurumende imwe chete, inotevedza zvido zveruzhinji rwevanhu uye inozvitonga uye inozvitonga;
 - Bumbiro reMitemo ndiwo mutemo wenyika wepamusoro-soro uye mutemo, tsika, magariro kana maitirwo ezvinhu chero api zvawo anopikisana neBumbiro reMitemo rino haakosheswi;
 - Bumbiro reMitemo rino rinobata vanhu vose, kusanganisira vezvemitemo, Nyika, vatungamiriri vose, mapoka anodzika mitemo neanoona nezveutongi pamwe chete nemasangano nemapazi ose eHurumende;
 - kukoshesa kweBumbiro reMitemo, kutevedzwa kwemitemo yenyika, kodzero dzevanhu, kusiyana kwezvitendero netsika nemararamiro evanhu munyika, chiremera chemunhu mumwe nemumwe, kuenzana kwevanhu vose, kuenzana kwevanhurume nevanhukadzi uye kuremekedzwa kwehondo yerusununguko;
 - Utungamiriri hwenyika hwakanaka hunosanganisira:
 - maitiro ezvematongerwo enyika anokoshesa kuvapo kwemapato ezvematongerwo enyika akasiyana-siyana;
 - kuitwa kwesarudzo kunokoshesa sarudzo dzakasununguka, dzakaenzanirana uye dzinoitwa nguva nenguva;
 - kusiirana masimba ezvematongerwo enyika kwakarongeka mushure mesarudzo;
 - kupatsanurwa kwemasimba pakati pezviku zveNyika zvinoti vatungamiriri venyika, vanodzika mitemo nevatongi;
 - kuremekedzwa kwevanhu;
 - kukurudzira kubatana nerunyararo munyika;
 - kukoshesa kwekodzero dzemapoka evanhu vashoma;
 - kugovana upfumi hwenyika zvakaenzana;
 - kuparadzirwa kwemasimba ehurumende;
 - mureza wenyika, rumbo rwenyika, mucherechedzo wenyika uye chidhindo chenyika;

- matanho matatu ehurumende anoti Hurumende yenyika yose, Makanzuru ematunhu makuru uye Makanzuru emaguta neekumaruwa;
- kucherechedzwa zviri pamutemo kwemitauro mikuru yose inotaurwa muZimbabwe inoti: Chewa, Chibarwe, ChiRungu, Kalanga, Koisan, Nambya, Ndau, Ndebele, Shangani, Shona, mutauro wemasaini, Sotho, Tonga, Tswana, Venda neXhosa;
- kukurudzira kuti ruzhinji rwevanhu ruzive nezveBumbari reMitemo.

CHITSAUKO 2

Zvinangwa ZveNyika (Zvikamu 8-34)

- Zimbabwe ine zvinangwa zveNyika zvinotevera, uye zvinosungirwa Nyika kuti iite, zvichienderana nemari nezvekushandisa zvinenge zviripo–
- kuona kuti pane utungamiriri hwakanaka kuburikidza nekupinza vashandi veHurumende basa pachitariswa kugona basa kwavo, kurwisa uwori nekushandiswa zvisizvo kwemasimba uye kuwanisa mapoka nemapazi ose eNyika mari yakakwana;
 - kukurudzira kubatana, runyararo nekugadzikana munyika;
 - kuchengetedza kodzero nemhando dzerusununguko dzevanhu dzakakoshesesa;
 - kudzika mutemo wenyika maererano nezvinofanirwa kutevedzwa panyaya dzine chekuita nedzimwe nyika unochengetedza zvido zvenyika, unoremekedza mitemo yenyika dzepasi rose, unokurudzira kugarisana murunyararo nedzimwe nyika uye unokurudzira kupedzwa kwekusawirirana nedzimwe nyika kuchishandiswa nzira dzine runyararo;
 - kuita kuti nyika ibudirire, kuwanisa vanhu vemuZimbabwe masimba ezveupfumi uye kuvamba mabasa;
 - kukurudzira kuwanikwa kwezvekudya zvakanakwana, tsika nemagariro evanhu, kuenzana kwevanhurume nevanhukadzi uye kumiririrwa kwematunhu enyika zvakaenzanirana;
 - kukurudzira zvido zvevana, vechidiki, vanhu vakwegura, vanhu vakaremara, varwi vehondo yerusununguko, vashandi, mhuri newananu;
 - kuwanisa dzidzo yakakoshesesa pachena uye inosungirwa kuwanikwa nevana vose;
 - kuwanisa vanhu pekugara, rubatsiro rwezveutano nekupapwa rwakakoshesesa uye runowanikwa zviri nyore, rubatsiro rwekurarama kwevanoshaiwa, rubatsiro rwevasingakwanisi kuzvibhadharira magweta uye nzvimbo dzekuitira mitambo nedzekutandarira;
 - kuchengetedza ruzivo rwakabva kumadzitatiguru;
 - kuisa mumitemo yenyika, zvibvumirano zveZimbabwe nedzimwe nyika.

CHITSAUKO 3

Ugari (Zvikamu 35-43)

- Ugari hwemuZimbabwe hunowanikwa kuburikidza nekuzvarirwa munyika, nekuti vabereki vemunhu kana madziteguru ake vagari vemuZimbabwe kana kuti nekunyoresa.
- Vagari vose vemunyika vane kodzero yakaenzana ye:
 - kuchengetedzwa neNyika;
 - kuwana mapasipoti nemamwe magwaro ekufambisa;
 - kuwana magwaro ekuzvarwa nezvitupa zvinopihwa neNyika.
- Vagari vemunyika kuburikidza nekuzvarirwa munyika vanhu:
 - vakazvarirwa muZimbabwe naamai kana baba vakange vari mugari wemuZimbabwe kana kuti sekuru kana mbuya vakange vari mugari wemuZimbabwe kuburikidza nekuzvarirwamo kana kuburikidza nekuti vabereki vavo vakange vari vagari vemuZimbabwe; kana kuti
 - vekuti kana vakazvarirwa kunze kweZimbabwe, mumwe chete wevabereki vavo akange ari mugari wemuZimbabwe uye achiwanzogara muZimbabwe asi achishandira Nyika kana sangano rinoshandira nyika dzakawanda pasi rose; kana kuti
 - vanenge vari vana vane makore ekuberekwa ari pasi pegumi nemashanu pavanowanikwa munyika yeZimbabwe asi nyika yavo nevabereki vavo zvisingazivikanwi;
 - vakazvarirwa muZimbabwe Bumbiro reMitemo rino risati rava kushanda uye mumwe wevabereki vavo akange ari mugari wenyika iri nhengo yeSangano reMubatanidzwa weNyika dzekuChamhembe kweAfrica uye aiwanzogara muZimbabwe.
- Vagari vemunyika kuburikidza neugari hwevabereki vanhu vakazvarirwa kunze kweZimbabwe naamai kana baba vakange vari vagari wemuZimbabwe kuburikidza nekuzvarirwa munyika kana kuti sekuru kana mbuya vakange vari vagari kuburikidza nekuzvarirwa muZimbabwe kana kuti nekuda kweugari hwevabereki vavo uye vakanyoreswa kuti vakazvarirwa muZimbabwe.
- Vagari vemunyika kuburikidza nekunyoresa vanhu vekuti pavakanyorera kuva vagari, vakapihwa ugari hwemuZimbabwe.
- Ugari hwenyika mbiri hunobvumidzwa kuvanhu vakazvarirwa muZimbabwe.
- Mutemo unogona kurambidza ugari hwenyika mbiri kuvanhu vakawana ugari kuburikidza neugari hwevabereki vavo kana kuti nekunyoresa.
- Ugari hwemunyika hunowanikwa kuburikidza nekuzvarirwa muZimbabwe hunogona kukanzurwa kana hwakawanikwa nekubiridzira, manyepo kana kuvanza chokwadi chakakosha.
- Ugari hwemunyika kuburikidza nekunyoresa hunogona kukanzurwa kana hwakawanikwa nekubiridzira, manyepo kana kuvanza chokwadi chakakosha kana kuti panguva yehondo, munhu anenge achitaurwa nezvake akatengeserana nemuvengi zvisiri pamutemo, akataura kana kuva nechekuita nebhizimisi raibatsira muvengi weZimbabwe muhondo iyoyo.
- Ugari hwemuZimbabwe hahufanirwi kukanzurwa kana munhu achizopedzisira asisina ugari hweimwe nyika.

- Boka revanoona nezveUgari uye zvekupinda nekubuda kwevanhu munyika rinofanirwa kudzikwa neParamende kuti rione nezvenyaya dzine chekuita neugari uye mvumo dzekushanda munyika.

CHITSAUKO 4

Kuziviswa Kwekodzero (Zvikamu 44-87)

Chikamu 1

Nyaya dzakasiyana-siyana

- Munhu wese neNyika zvinosungwa nenyaya yeKuziviswa Kwekodzero.

Chikamu 2

Kodzero neMhando Dzerusunuguko

- Kodzero nemhando dzerusunuguko dzakakoshesesa ndedzinotevera:
 - Munhu wese ane kodzero yekurarama asi:
 - mutemo unogona kubvumidza mutongo werufu kune anenge auraya mumwe zvine utsinye;
 - mutongo werufu haufanirwi kupihwa kumunhukadzi kana kumunhu akange ane makore ekuberekwa ari pasi pemakumi maviri nerimwe paakapara mhosva; kana kuti ane makore ekuberekwa anopfuura makumi manomwe;
 - Kodzero yemwana asati azvara inochengetedzwa muZimbabwe. Kubvisa nhumbu hakubvumidzwi nemutemo.
 - Munhu wese ane kodzero yekuva nerusunuguko uye haakwanisi:
 - kuchengetedzwa muusungwa pasina kutongwa kana kunyimwa rususunuguko pasina chikonzero kana kuti pasina chikonzero chine tsarukano;
 - kuendeswa kujeri nekuda kwekuti atadza kuzadzikisa zvaanofanirwa kuita.
 - Vanhu vanenenge vasungwa kana kuchengetedzwa muusungwa vanofanirwa:
 - kuziviswa chikonzero chekusungwa kana kuchengetedzwa muusungwa kwavo;
 - kubvumidzwa kutaura nevarume, vakadzi kana vadikanwi vavo, kana kuti hama yepedyo kana gweta, vachibhadharirwa neNyika;
 - vachizvibhadharira, kubvunza mazano pakavanzika kugweta kana kuna chiremba wavanozvisarudzira pachavo;
 - kubatwa zvine unhu;
 - vachimirira kutongwa, kuburitswa muusungwa pasina zvavanotarisirwa kuita kana kuti vachitarisirwa kuita zvinonzwisika;
 - kuunzwa kudare redzimhosva mukati memaawa makumi mana nemasere;

- kuva nekodzero yekupikisa kuva pamutemo kwekusungwa kana kuchengetwa muusungwa kwavo ivo pachavo mudare redzimhosva;
 - kuva nekodzero yekuramba vakanyarara uye yekuudza nezvekodzero iyi;
 - kusamanikidza kudura kana kubvuma chimwe chinhu;
 - kuva nekodzero yekutaura nekushanyirwa nevarume, vakadzi kana vadiwa vavo, hama yepedyo, chipangamazano wechitendero wavanovisarudzira kana mumwewo munhu;
 - kutongwa mukati menguva yakafanira kana kuti vanofanirwa kuburitswa muusungwa pasina zvavanotarirwa kuita kana kuti vachitarirwa kuita zvinonzwisika.
- Chero munhu anogona kuenda kuDare redzimhosva repamusoro kundokumbira kuti munhu akachengetedzwa muusungwa aburitswe, ndokunge akachengetedzwa zvisiri pamutemo kana kuti mushure mekusungwa, asingazivikanwi kuti akachengetedzwa kupi.
 - Munhu anenge asungwa kana kuchengetedzwa muusungwa zvisiri pamutemo ane kodzero yekuripwa nemunhu anenge akonzera kusungwa kana kuchengetedzwa kwake.
 - Munhu wese ane chiremera chake paupenyu uye ane kodzero yekuti chiremera ichi chiremekedzwe.
 - Munhu wese ane kodzero yekuchengeteka kwake iye pachake iyo inosanganisira kodzero yekusarudza zvekuita panyaya dzekuzvara uye yekusapinzwa mutsvakurudzo yezvesainzi.
 - Hapana munhu anofanirwa kurwadziwa senzira yekuti adure zvimwe zvinhu, kana kuti anofanirwa kubatwa nekurangwa zvisina hunhu.
 - Hapana munhu anofanirwa kubatwa senhapwa kana kumanikidzwa kushanda.
 - Vanhu vose vakaenzana pamutemo uye munhu wese ane kodzero yekusabatwa zvisina kuenzanirana nevamwe kana zvine rusarura.
 - Munhu wese ane kodzero yekuvanzika kwezvine chekuita neupenyu hwake:
 - pamba, panzvimbo kana pachivakwa chake hapafanirwi kupindwa nekusechwa asina kupa mvumo;
 - haafanirwi kutorerwa zvinhu zvake kana pfuma;
 - kuvanzika kwezvaanenge achitaura nevamwe vanhu hakufanirwi kukanganiswa;
 - Mamiriro ezveutano hwake haafanirwi kuudza vamwe vanhu.
 - Munhu wese ane kodzero yekuva pamwe chete nekuyanana newaanoda uye haafanirwi kumanikidzwa:
 - kuva nhengo yerimwe sangano kana boka; kana kuti
 - kuenda kumusangano kana kugungano.
 - Munhu wese ane kodzero yekuva nerusununguko rwekufunga zvaanoda uye hapana munhu anomanikidzwa kuita mhiko inopikisana nechitendero chake kana zvaanovimba mazviri.
 - Munhu wese ane kodzero yerusununguko rwekutaura zvaanoda inosanganisira:
 - rusununguko rwekuburitsa zvaanoda mumapepanhau kana kushandisa dzimwewo nzira dzekuburitswa kwemashoko;
 - kuchengetedzeka kwekuvanzika kwekunenge kwawanikwa nyaya nevatori venhau;

- rusununguko rwekuvamba nhapfenyuro nedzimwewo nzira dzekufambiswa kwemashoko pachishandiswa michina ndokunge izvi zvadzikwa kuchitevedzwa gwara rekupihwa marezinesi neNyika;

asi rusununguko rwemunhu rwekutaura zvaanoda kana rwekushandisa nzira dzekufambiswa kwemashoko harusanganisiri kukurudzira mhirizhonga, kukurudzira ruvengo kana mashoko ekutuka kana kushora, kukanganisa chimiro kana unhu hwemunhu kana kukanganisa kodzero yemunhu yekuvanzika kwezvine chekuita neupenyu hwake.

- Mugari wese wemuZimbabwe kana munhu ane mvumo yekugara muZimbabwe zvachose ane kodzero yekuwaniswa ruzivo chero rwupi zvarwo rwakachengetedzwa neNyika nemapoka ose nevamiririri vehurumende, kana ruchidiwa pakutsanangura mashandiro kuruzhinji.
- Munhu wese ane kodzero yekuwaniswa ruzivo chero rupi zvarwo rwakachengetedzwa nemunhu chero upi zvake kana ruchidiwa pakuchengetedza kodzero.
- Munhu wese ane kodzero yekushandisa mutauro waanozvisarudzira pachake uye yekurarama mutsika nemagariro aanozvisarudzira pachake.
- Munhu wese ane kodzero yekusarudza uye kushanda basa chero ripi zvaro asi kuitwa kwebasa iri kuchitevedza mitemo yakadzikwa.
- Munhu wese ane kodzero yekuva nemashandiro akaenzanirana, asina njodzi uye yekubhadharwa mari yakaenzanirana uye yakakodzero.
- Munhu wese, kunze kwevari mumabasa ezvekuchengetedzwa kwenyika, ane kodzero yekuvamba nekupinda mumasungano evashandi nevashandirwi aanozvisarudzira pachake, kodzero yekuratidzira pabasa, kuramwa basa, kuuya kubasa asi asingashandi, kuramba kushanda uye kuronga zvose izvi.
- Vanhukadzi nevanhurume vane kodzero yekutambiriswa mari yakafanana kana vachiita mabasa akafanana.
- Mugari wese wemuZimbabwe ane rusunguko rwekuenda kwaanoda, kodzero yekupinda muZimbabwe, kodzero yekusamanikidzwa kubuda muZimbabwe uye kodzero yekuva nepasipoti kana rimwe gwaro rekufambisa uye munhu wese ane kodzero yekufamba zvakasununguka muZimbabwe, kugara munzvimbo chero ipi zvayo yemuZimbabwe uye kubuda muZimbabwe.
- Mugari wese ane kodzero ye-:
 - kuwaniswa sarudzo dzakasununguka, dzakaenzanirana uye dzinoitwa nguva nenguva;
 - kuita sarudzo yakasununguka munyaya dzezvematongerwo enyika;
 - kuva nhengo yeboka rezvematongerwo enyika raanozvisarudzira;
 - kutsvaka rutsigiro rwebato rezvematongerwo enyika kana rwechimwewo chinhu zvakasununguka uye murunyararo;
 - kuvhota musarudzo dzose nemareferenda;
 - kuvhoterwa kupinda pachinzvimbo chekushanda neruzhinji rwevanhu.
- Munhu wese ane kodzero yekushandisirwa mutemo nenzira yakajeka.

- Munhu wese ane kodzero yekuenda kumatare edzimhosva, kodzero yekunzwirwa nyaya yake pachena kana kutongwa zvakaenzanirana, nekukurumidza, mudare redzimhosva rakazvimiririra uye risingarerekeri divi rimwe chete, rakadzikwa nemutemo uye kodzero yekumiririrwa negweta raanozvibhadharira nekuzvisarudzira.
- Munhu wese ari kupomerwa mhosva ane kodzero ye-:
 - kuonekwa seasina mhosva kusvikira zvazoratidza kuti ane mhosva;
 - kuziviswa mhosva yaanenge achipomerwa nekukasika;
 - kupihwa nguva yakakwana pakugadzirira kupikisa kwake;
 - kumiririrwa negweta raanozvisarudzira nekuzvibhadharira;
 - kumiririrwa negweta rinowaniswa neNyika ndokunge pachikwanisa kuitwa mutongo usina ruenzano;
 - kuvapo paanenge achitongwa;
 - kupa nekupikisa umboo kana kuramba akanyarara;
 - kuti zviri kuitika mukutongwa kwake zviturikirwe mumutauro waanonzwisisa;
 - kupikisa kutongwa kwake nemutongo wake mudare redzimhosva repamusoro.
- Munhu wese ane kodzero yekutenga, kushandisa nekutengesa mhando dzose dzepfuma asi pane mitemo yakasiyana inoshandiswa panyaya yeminda yekurima.
- Pasingatariswi minda yekurima, munhu wese ane kodzero yekusatorerwa pfuma yake nechisimba kunze kwekunge:
 - kutorerwa uku kuchiitwa pasi pemutemo unoshandiswa pane zvakasiyana-siyana;
 - kutorerwa uku kwakakodzera uye kwakanangana nezvido zveruzhinji rwevanhu, kuchengetedzwa kweruzhinji rwevanhu, kuchengeteka kweruzhinji rwevanhu uye kugadzikana kweruzhinji rwevanhu nezvimwe zvakadaro;
 - mutemo unomanikidza anenge achitora pfuma kuti ape chiziviso chekuda kutora pfuma iyi nenguva yakakodzera uye kubhadhara muripo wakaenzanirana uye wakakwana;
 - mutemo unopa kodzero kumunhu ane pfuma inenge yatorwa yekuti anyorere kudare redzimhosva achipikisa kutorwa kwepfuma yake kana kuti achida kuti ritarise zvido zvake papfuma iyi, kuva pamutemo kwekutorwa kwepfuma uye uwandu hwemuripo.
- Munhu wese ane kodzero yekuva nepfuma, kusanganisira munda. Nyika inokwanisa kutora minda yekurima nezvinangwa zvinotevera:
 - kugarisa vanhu patsva kuti vakwanise kurima;
 - kuronga minda patsva;
 - kutamisa vanhu;

uye:

- hapana muripo uchabhadharwa pakutorwa kwawo kunze kwemuripo webudiriro yakaitwa pauri usati watorwa. Kana munda wacho watorerwa chizvarwa cheZimbabwe kana kuti uri munda wakachengetedzwa nezvibvumirano zvakanoyoreranwa neNyika yeZimbabwe nedzimwe nyika, muripo wakazara unobhadharwa;

- hapana munhu anokwanisa kupikisa kutorwa kwemunda kudare redzimhosva, kunze kwekunge kupikisa uku kune chekuita nemuripo webudiriro yakaitwa pamunda uyu usati watorwa;
- kutorwa kwemunda hakugoni kupikiswa pachishandiswa chikonzero chekuti kwakaitwa zvine rusarura.
- Minda yekurima yakatorwa nechisimba pachirongwa chekuwanisa vanhu minda kana kuti yakanzi itorwe Bumbiro reMitemo rino risati ratanga kushanda inoramba iri yeNyika uye hapana muripo unobhadharwa pakutorwa kwayo kunze kwemuripo webudiriro yakaitwa pairi isati yatorwa.
- Panyaya yekutorwa kweminda yekurima nechisimba nechinangwa chekugarisa vanhu patsva, zvinotevera ndizvo zvinofanirwa kuva zvakakosha kudarika zvimwe zvose: kuti vanhu veZimbabwe vakatorerwa minda yavo pasina chikonzero chinonzwisika panguva yeutongi hweudzvanyiriri; kuti vanhu veZimbabwe vakazotora zvombo vakarwa kuitira kuti vatore zvakare minda yavo saka vava kufanirwa kubvumidzwa kudzika zvakare kodzero dzavo uye kutora minda yavo.
- Nyika yakambotonga Zimbabwe neudzvanyiriri, kwete Hurumende yeZimbabwe, ndiyo inofanirwa kubhadhara muripo weminda yekurima yakatorwa nechisimba nechinangwa chekugarisa vanhu patsva.
- Munhu wese ane kodzero ye-:
 - kuva nenharaunda isingakanganisi utano kana kurarama kwake kwakanaka;
 - kuti nharaunda iyi ichengetedzwe kuitira kubatsira vanhu vari kurarama iyezvino nevacharama mune ramangwana;
- Mugari wese wemuZimbabwe pamwe chete neane mvumo yekugara muZimbabwe zvachose ane kodzero yekuwaniswa dzidzo yakakoshesesa inobhadharirwa neNyika.
- Munhu wese ane kodzero yekuvaka nekufambisa, achishandisa mari yake, zvikoro zvazvimirira zvinowanisa dzidzo yakakodzera, asi haakwanisi kuita rusarura chero rupi zvarwo runorambidzwa neBumbiro reMitemo rino.
- Mugari wese wemuZimbabwe pamwe chete neane mvumo yekugara muZimbabwe zvachose ane kodzero yekuwana rubatsiro rwezveutano nekurapwa kwakakoshesesa, kusanganisira rubatsiro mune zvine chekuita nekuzvara vana uye rubatsiro paurwere husingarapiki.
- Hapana munhu anonyimwa rubatsiro pachipatara chero chipi zvacho kana achinge angorekana akuvara kana kuti arwara.
- Munhu wese ane kodzero yekuwaniswa zvekudya zvakanwana nemvura yakachena uye inotakurika.
- Munhu wese asvitsa makore gumi nemasere ekuberekwa ane kodzero yekuvamba mhuri uye yekusamanikidzwa kupinda muwanano asingadi.
- Vanhurume voga voga kana vanhukadzi voga voga havatenderwi kuroorana.

Chikamu 3

Dzimwe Kodzero

- Munhukadzi wese ane chiremera chakaenzana nechemunhurume kusanganisira mikana yakaenzana mune zvevatongerwo enyika, zveupfumi nezvekurarama.
- Vanhukadzi vane kodzero dzakafanana nedzevanhurume maererano nekuchengetwa kwevana.
- Mitemo yose, tsika, magariro nemaramiro ose anotyora kodzero dzevanhukadzi haakosheswi zvichienderana nekutyora kwazvinenge zvichiita kodzero idzi.
- Mwana mudiki wese ane kodzero dzinotevera:
 - kubatwa zvakaenzana pamutemo, kusanganisira kodzero yekunzikwa;
 - kupihwa zita rake iye pachake uye zita remhuri;
 - kupihwa gwaro rekuzvarwa nekukasika;
 - kuchengetwa mumhuri kana kuti nevabereki;
 - kuchengetedzwa kubva mukushandiswa mune zveupfumi uye zvepabonde;
 - kusapinzwa muchikwata chemagandanga kana kusapinzwa muhondo;
 - kusamanikidzwa kupinda muzviitiko zvebato rezvevatongerwo enyika chero zvipi zvazvo;
 - kusachengetedzwa muusungwa kunze kwekunge kuchengetedzwa uku riri danho rekupedzisira.
- Vanhu vakwegura, zvichireva avo vane makore ekuberekwa anopfura makumi manomwe vane kodzero ye-:
 - kuchengetwa nekupihwa rubatsiro nemhuri dzavo uye neNyika;
 - yekupihwa rubatsiro rwemari kuburikidza nechirongwa chekubatsirwa kwevanoshaiwa neHurumende.
- Vanhu vakaremara vanofanirwa:
 - kuitirwa zvinoita kuti vakwanise kuzviriritira;
 - kuitirwa zvinoita kuti vakwanise kugara nemhuri dzavo nekupinda muzviitiko zvekurarama, nezvevitambo yekuzvitandadza;
 - kuchengetedzwa kubva mukushandiswa zvisizvo nekushungurudzwa;
 - kuwaniswa mikana yekurapwa miviri, pfungwa nemitezo inenge yakuvara kana kutyoka.
- Varwi verusununguko, kureva vanhu vakarwa muhondo yekusunungura Zimbabwe, vakabatsira varwi uye vakasungwa nekuchengetedzwa muusungwa muhondo yekusunungura Zimbabwe, vane kodzero yekuremekedzwa kuburikidza nebasa ravakaita pakusunungura nyika yeZimbabwe, uye yekuwaniswa zvekushandisa mukurarama kwakakodzera nerubatsiro mune zveutano.

Zvikamu 4 ne 5

Kukosheswa neKutapudzwa Kwekodzero

- Munhu wese anenge akazvimirira kana kuti anenge achimirira mumwe munhu kana vamwe ane kodzero yekuenda kudare redzimhosva achiitira kuti kodzero dzevanhu dzikosheswe.

- Kodzero nemhando dzerusununguko dzakakoshesesa dzinofanirwa kushandiswa nenzira inoremekedzawo kodzero dzevamwe.
- Kodzero dzevanhu dzinogona kutapudzwa chete nemutemo wezvakashiyana-siyana wakakodzera uye unotsanangurika munyika inotevedzera zvido zveruzhinji rwevanhu.
- Hapana mutemo unogona kutapudza:
 - kodzero yekurarama kunze kwekuti papiwa mutongo werufu sekupiwa kwazvakaitwa;
 - kodzero yekuva nechiremera semunhu;
 - kodzero yekusarwadziswa kana yekusabatwa kana kusarangwa zvine utsinye, zvisina unhu uye zvinobvisa chimiro;
 - kodzero yekusaiswa muutapwa;
 - kodzero yekutongwa zvakaenzanirana;
 - kodzero yekupihwa gwaro rekuti kunenge kwakachengeterwa munhu muusungwa kuzivikanwe.
- Panguva dzematambudziko akaipisisa, kodzero nemhando dzerusununguko dzakakoshesesa, kusiya kwedzakatarwa pamusoro apa, dzinogona kutapudzwa zvakare nemutemo wakanyorwa.
- Kutyora kodzero panguva yedambudziko rakaipisisa kunoita kuti munhu atongwe uye/kana kutorerwa matanho ezvemitemo uye hapana munhu anogona kuchengetedzwa nemutemo chero upi zvawo kuti asaitirwa izvi.

CHITSAUKO 5

Vatungamiriri (Zvikamu 88-115)

Chikamu 1

Masimba eVatungamiriri

- Masimba evatungamiriri anobva kvanhu veZimbabwe uye anofanirwa kushandiswa nenzira inoenderana neBumbiro reMitemo rino.
- Masimba eutungamiriri hweZimbabwe ari muMutungamiriri weNyika uyo anomashandisa kuburikidza neDare reMakurukota eHurumende sezvakatarwa neBumbiro reMitemo rino.

Chikamu 2

Mutungamiriri weNyika neVatevedzeri veMutungamiriri weNyika

- Mutungamiriri weNyika ndiye mutungamiriri weNyika neHurumende ari zvakare mukuru weMauto enyika.

- Mutungamiriri weNyika anofanirwa:
 - kucherechedza, kuchengetedza, kuteerera nekuremekedza Bumbiro reMitemo nemimwe mitemo yese;
 - kukurudzira kubatana nerunyararo munyika;
 - kucherechedza nekukoshesa vavariro nezvinangwa zvehondo yerusununguko;
 - kuona kuti kodzero dzevanhu nemhando dzerusununguko dzakakoshesesa uye kuti mitemo yenyika zvachengetedzwa;
 - kuremekedza kusiyana kwevanhu nenharaunda dzenyika yeZimbabwe.
- Mugari wemuZimbabwe kuburikidza nekuzvarirwamo kana kuti neugari hwevabereki, akanyoresa kuvhota, ane makore ekuberekwa makumi mana uye anogara muZimbabwe, anokodzera kusarudzwa seMutungamiriri weNyika kana kuti Mutevedzeri weMutungamiriri weNyika.
- Munhu anomira kuti asarudzwe seMutungamiriri weNyika anofanirwa kudoma vanhu vaviri vanofanirwa kumira naye pasarudzo sevatevedzeri vake.
- Munhu anenge akwikwidza musarudzo yeMutungamiriri weNyika kana kuti yeMutevedzeri weMutungamiriri weNyika anenge asina kufara nezvinenge zvabuda musarudzo anokwanisa kupikisa zvinenge zvabuda musarudzo izvi muDare reDzimhosva rinoona nezveBumbiro reMitemo. Dare iri rinofanirwa kuongorora nekupedza nyaya iyi mukati memazuva gumi nemana kubva pazuva rekuigamuchira.
- Mutungamiriri weNyika anotonga kwezvikamu zviviri chete, urefu hwechikamu chimwe chete makore mashanu.
- Mutungamiriri weNyika kana kuti Mutevedzeri weMutungamiriri weNyika anokwanisa kusiya chinzvimbo chake.
- Mutungamiriri weNyika kana kuti Mutevedzeri weMutungamiriri weNyika anokwanisa kubviswa pachinzvimbo chake nekuda kwe-:
 - kukanganisa basa zvakananyanya;
 - kukundikana kutevedzera, kukoshesa kana kuchengetedza Bumbiro reMitemo;
 - kutyora zviri muBumbiro reMitemo rino achiziva uye achida;
 - kutadza kuita mabasa anotarisirwa pachinzvimbo chake kuburikidza nekurwara kwemuviri kana kwepfungwa.
- Mutungamiriri weNyika haakwanisi kutongwa nezvinhu chero zvipi zvazvo zvaanenge aita iye pachake kana kuitirwa nevamwe vanhu kusvikira abva pachinzvimbo. Pane zvaanenge akaaita sebasa rake, anokwanisa kukakavara achiti aiva nechikonzero chakanaka chekuita izvozvo.
- Kana Mutungamiriri weNyika akashaya, akasiya basa kana kuti akabviswa pachigaro, Mutevedzeri weMutungamiriri weNyika wekutanga ndiye anova Mutungamiriri weNyika kusvikira paifanirwa kushandwa neaiva Mutungamiriri weNyika.

Chikamu 3

Makurukota eHurumende, Vatevedzeri veMakurukota eHurumende neDare reMakurukota eHurumende

- Mutungamiriri weNyika, achitungamirirwa nenyaya yekuti pave nekuenzana kwekumiririrwa kwematunhu uye kwevanhurume nevanhukadzi, anosarudza Makurukota eHurumende neVatevedzeri veMakurukota eHurumende kubva panhengo dzeParamende. Vanosvika vashanu vavo vanokwanisa kusarudzwa kubva pavanhu vasiri nhengo dzeParamende nekuda kweunyazvi uye kugona basa kwavo.
- Dare reMakurukota eHurumende ndiro rinoita basa rekutaura mashandiro eHurumende, kufambisa basa reHurumende muParamende, kugadzira, kuparura nekushandisa mitemo yenyika uye kupanga Mutungamiriri weNyika mazano.

Chikamu 5

Gweta Guru reHurumende

- Kune Gweta Guru reHurumende iro rinova mupangi mukuru wemazano ezvemitemo kuMutungamiriri weNyika neDare reMakurukota eHurumende uye rinogona kubviswa pachinzvimbo neMutungamiriri weNyika chero nguva.
- Kutongwa kwemhosva kose kunoitwa neBoka rinoona nezvekutongwa kwemhosva, iro rinotungamiririrwa neMukuru weBoka rinoona nezvekutongwa kwemhosva.

CHITSAUKO 6

Vanodzika Mitemo (Zvikamu 116-117)

Chikamu 1

Masimba ekudzika Mitemo

- Vanodzika Mitemo yemuZimbabwe vanosanganisira Paramende neMutungamiriri weNyika.
- Masimba ekudzika mitemo anobva kvanhu uye anopa Vanodzika Mitemo simba:
 - rekunadzurudza Bumiro reMitemo rino;
 - rekudzika mitemo yekuti pave nerunyararo, kurongeka uye utungamiriri hwakanaka;
 - rekupawo mamwe masimba ekudzika mitemo kune rimwewo boka riri pasi paro.

Chikamu 2

Paramende

- Paramende:
 - inoubwa neSeneti uye Boka reVanodzika Mitemo yeNyika.
 - inofanirwa kuchengetedza Bumbiro reMitemo nekukurudzira utungamiriri hunotevedza zvido zveruzhinji rwevanhu;
 - ine simba rekuita kuti mitemo iri muBumbiro reMitemo itevedzwe.
- Mapoka ose uye vamiririri vose veHurumende vanotsanangura mashandiro avo kuParamende.

Chikamu 3

Seneti

- Seneti inoubwa nemaSeneta makumi masere uye pamaSeneta aya:
 - vatanhatu vanosarudzwa kubva kudunhu guru rimwe nerimwe zvichienderana nekuti vanhu vanomiririrwa vakawanda sei;
 - gumi nevatanhatu madzishe, madzishe maviri acho anosarudzwa neMatare eMadzishe ekumatunhu makuru asiri eBulawayo neHarare;
 - vaviri vanosanganisira Mutungamiriri neMutevedzeri weMutungamiriri weDare reMadzishe ose emunyika;
 - vaviri vanosarudzwa kuti vamiririre vanhu vakaremara.
- MaSeneta anosarudzwa pachishandiswa nzira yekuti uwandu hwevamiririri huenderane nevanomiririrwa anofanirwa kusarudzwa pachitariswa vanhu vanomiririra mapato akasiyana-siyana uye nzira inoshandisa uwandu hwemavhoti anenge awanikwa nevanhu vanomiririra mapato ezvematongerwo enyika mudunhu guru rimwe nerimwe musarudzo huru yenhengo dzeBoka reVanodzika Mitemo yeNyika, uyezve nzira yekuti mazita evanhurume nevanhukadzi vanenge vachikwikwidza musarudzo anopesaniswa uye gwaro rimwe nerimwe remazita rinotanga nezita remunhukadzi.
- Seneta anofanirwa kunge akanyoresa semuvhoti uye ane makore ekuberekwa anosvika makumi mana kana kupfuura; pamusoro pezvinhu izvi, Ishe anopinda muSeneti anofanirwa zvakare kunge ari Ishe; maSeneta anomiririra vanhu vakaremara anofanirwa kunge akaremarawo.
- Munhu anorambidzwa kukwikwidza musarudzo dzemaSeneta kana achitadza kunyoresa kuva muvhoti kana kuti mumakore mashanu sarudzo dzisati dzaitwa, akambosiya chinzvimbo chemuParamende mushure mekunge awanikwa ane mhosva kana kuti atori nhengo yeParamende nechekare.
- Mutungamiriri weSeneti neMutevedzeri weMutungamiriri weSeneti ndivo vanotungamirira Seneti.

Chikamu 4

Boka reVanodzika Mitemo yeNyika

- Boka reVanodzika Mitemo yeNyika rinoumbwa-
 - nenhengo mazana maviri negumi dzinosarudzwa kuburikidza nekuvhota zvakavanzika kubvamunharaunda dzesarudzo mazana maviri negumi dzemuZimbabwe; uye
 - pamaParamende maviri ekutanga kubva panotanga kushanda Bumbiro reMitemo rino, nhengo dzevanhukadzi makumi matanhatu dzinowedzerwa, nhanhatu kubva kudunhu guru rimwe nerimwe, dzinosarudza pachishandiswa uwandu hwevanhu vanomiririrwa zvichitevera uwandu hwemavhoti anenge awanikwa nevanhu vanomiririra mapato ezvematongerwo enyika musarudzo dzenhengo dzenzvimbo dzekuvhotera mumatunhu makuru.
- Zvinodikanwa kana kutadzisa munhu kuti asarudze saSeneta zvinoshandawo panhengo dzeBoka reVanodzika Mitemo yeNyika, kusiya kwemakore ekuberekwa anodikanwa, ayo anova makumi maviri nerimwe kana kupfuura.
- Mutaauri neMutevedzeri weMutaauri ndivo vanotungamirira Boka reVanodzika Mitemo yeNyika.

Chikamu 5

Urefu hwenguva yekuva pachinzvimbo kwenhengo yeBoka reVanodzika Mitemo yeNyika

- Zvinoita kuti munhu asiye chinzvimbo chenhengo yeParamende zvakapihwa muBumbiro reMitemo uye zvinosanganisira kusiya bato rake rezvematongerwo enyika achienda kune rimwe, kusiya basa, kuwanikwa ane mhosva yakaipisira kana kuti ane mhosva yakanangana nesarudzo.

Chikamu 6

Masimba eParamende

- Paramende ine simba rekuparura, kugadzira, kuongorora nekuramba mutemo chero upi zvawo.
- Masimba eParamende ekudzika mitemo anoshandiswa kuburikidza nekudzika Mitemo yeParamende.
- Matanho anotevedzwa pakupasisa mutemo akatsanangurwa muNhamatidzwa 5.
- Paramende inogona kupava mwewo masimba ekugadzira mimwe mitemo.

Chikamu 7

Zvinofanirwa kutevedzwa muParamende

- Mutaauri weParamende ndiye Mutungamiriri wayo uye weSeneti ndiye Mutungamiriri weSeneti.

- Munyori weParamende ndiye mukuru weUtungamiriri hweParamende uye anoshanda kwemakore matanhatu uyezve anogona kupihwa basa iri kwemamwe makore matanhatu chete.

Chikamu 8

Urefu hwenguva, Kuparadzwa neMisangano yeParamende

- Paramende inosarudzwa kuti ishande kwemakore mashanu uye inonzi yaparadzwa pazuva riri mumashure merinoitwa sarudzo itsva.
- Paramende inogona kuita chisungo chekuti iparadzwe uye kana yataura izvozvo, Mutungamiriri weNyika anofanirwa kuiparadza.
- Kana Paramende yaramba kupasisa Bhiri reMutemo wekugoverwa kwemari pasina chikonzero chinonzwisika, Mutungamiriri weNyika anogona kuiparadza asi kuparadzwa uku kunogona kupikiswa neDare redzimhosva rinoona nezveBumbiro reMitemo, kuburikidza nenhengo chero ipi zvayo yeParamende inenge yanyorera kuti dare iri riite izvozvo.
- Kana zvinhu zvichifamba sezvinotarisiswa, Mutungamiriri weNyika anofanirwa kuita kuti kuitwe sarudzo huru mukati memazuva makumi matatu nguva yechikamu chekushanda kweParamende isati yakwana.
- Sarudzo huru inoitwa mushure mekuparadzwa kweParamende, kwete nekuda kwekuti nguva yekushanda kweParamende yakwana, inofanirwa kuitwa mukati memazuva makumi mapfumbamwe zvichitevera kuparadzwa kweParamende.
- Mutungamiriri weNyika anofanirwa kubvunza mazano kubva kuKomisheni inoona nezvesarudzo paanenge achida kudzika mazuva achaitwa sarudzo huru chero ipi zvayo.
- Musangano wekutanga weParamende unoitwa mukati memazuva mapfumbabwe mushure mekutanga basa kweMutungamiriri weNyika.
- Chikamu chimwe nechimwe cheParamende ndicho chinodzika mazuva achinoita misangano yacho asi Mutungamiriri weNyika anogona kusheedza Paramende panguva chero ipi zvayo kuti iite basa rakakosha uye mazuva zana nemakumi masere haafanirwi kupfuura Chikamu chimwe nechimwe cheParamende chisati chaita musangano.
- Vanotungamirira Paramende uye nhengo dzeParamende dzinotaura zvadzinoda muParamende uyezve hadzikwanisi kutongwa pamusoro pechinhu chero chipi zvacho chavanotaura muParamende.
- Vagari vemuZimbabwe vanogona kutumira matsamba ekutsutsumwa kuParamende.

CHITSAUKO 7

Sarudzo (Zvikamu 155-161)

Chikamu 1

Urungwa Nezvinotevedzwa Pakuitwa kweSarudzo

- Sarudzo dzinofanirwa kuitwa murunyararo, dzakasununguka nekuenzanirana, kuitwa munhu achivhota ari pake ega, kunge dziri dzevanhu vabva zera vose uye dzichikoshesa mavhoti ose zvakaenzana uye zve dzinofanirwa kuitwa pasina mhirizhonga.
- Komisheni inoona nezvesarudzo muZimbabwe inofanirwa kuona kuti:
 - nzira inoshandiswa pakuvhota hainetsi, inonyatsoshanda nemazvo, inokwanisa kuita kuti zvabuda zviongororwe, haisi zinyekenyeke uye yakajeka;
 - zvinenge zvabuda musarudzo kana mureferenda zvinoziviswa kuvanhu nokukasika mushure mekunge kuvhota kwapera;
 - mhirizhonga yakanangana nesarudzo kana zvimwewo zvakaipa hazviitiki;
 - zvekushandisa pakuvhota zvachengetedzwa;
- Kuburikidza nemutemo kana nemamwewo matanho, Nyika inofanirwa kuona kuti:-
 - vagari vemunyika vose vanokwanisa kuvhota vanotaurwa nezvavo muNhamatidzwa 4, vanyoreswa sevavhoti;
 - mugari wemunyika wese anokwanisa kuvhota musarudzo awana mukana wekuvhota;
 - mapato ezvematongerwo enyika nevanokwikwidza musarudzo vawana zvose zvavanoda neruzivo rwose runoita kuti vakwikwidze nepavanokwanisa;
 - mapato ezvematongerwo enyika nevanokwikwidza musarudzo vawana mukana wakakodzera wekushandisa zvose zvinoshambadza mashoko, zvingava zvehurumende kana kuti zvisiri zvehurumende;
 - makakava akanangana nesarudzo agadziriswa nekukasika.
- Pamusoro pezvimwe zvinhu, mutemo wesarudzo unofanirwa kuona nezve-
 - kuganhurwa kwemiganhu yematunhu ekuvhotera nemawadhi nguva nenguva;
 - kunyoreswa kwevavhoti;
 - mitemo inofanirwa kutevedzwa nemapato ezvematongerwo enyika nevanokwikwidza;
 - nzira yesarudzo yekuti uwandu hwezvinzvimbo zvinokwikwidzwa huenderane neuwandu hwevanhu vari munzvimbo pakusarudzwa kwevachaiswa pazvinzvimbo zvemuParamende;
 - kusarudzwa kwevanhu vakaremara kuti vapinde muSeneti.
 - kudomwa kwevachazokwikwidza musarudzo kuti kuitwe mushure memazuva gumi nemana kana kupfuura kubvira panenge paziviswa kuti sarudzo dzichaitwa uye mazuva makumi matatu kana kupfuura kubva pazuva rekuvhota kwevanhu musarudzo idzi.

- Hapana nadzurudzo dzinogona kuitwa paMutemo weSarudzo kana mumwewo mutemo une chekuita nesarudzo pasina kubvumirwa neKomisheni inoona nezvesarudzo.
- Kana zvichinge zvaziviswa kuti kuchava nesarudzo, shanduko chero ipi zvayo ine chekuita nesarudzo ichaitwa paMutemo weSarudzo kana pane mumwewo mutemo, haikosheswi pakuitwa kwesarudzo iyi.

Chikamu 2

Nguva yekuitwa kweSarudzo

- Saruzo huru inofanirwa kuitwa:
 - mumazuva asingapfuuri makumi matatu mushure mekuparadzwa kweParamende kana kukwana kwenguva yekushanda kwayo; kana kuti
 - mukati memazuva makumi mapfumbamwe kubva pachibvumirano chekuti Paramende iparadzwe; kana kuti
 - mazuva makumi mapfumbamwe kubva pakuparadzwa kweParamende zvichitevera vhoti yekushaya chivimbo neHurumende.
- Sarudzo huru dzemakanzuru dzinofanirwa kuitwa pamwe chete nesarudzo dzeMutungamiriri weNyika nedzeParamende.
- Sarudzo dzekutsiva zvinzvimbo dzinofanirwa kuitwa mukati memazuva makumi mapfumbamwe zvichitevera kuzaruka kwezvinzvimbo kunze kwekunge zvinzvimbo zvazaruka mukati memwedzi mipfumbamwe yakatarisana nesarudzo huru, zvichireva kuti zvinzvimbo zvinenge zvisina vanhu zvinoramba zvakadaro kusvikira sarudzo huru yaitwa.
- Zvinzvimbo zvemuhurumende zvose zvakavapo kuburikidza neBumbiro reMitemo rino zvinofanirwa kuiswa vanhu mukati memazuva makumi mapfumbamwe.

Chikamu 3

Kuganhurwa kweMatunhu eSarudzo

- Nechinangwa chekusarudza nhengo dzeParamende, Komisheni inoona nezvesarudzo inofanirwa kuganhura Zimbabwe kuti ive mumatunhu esarudzo mazana maviri negumi uye pakusarudzwa kwemakanzura, inofanirwa kuganhura nzvimbo dzemumatunhu kugadzira mawadhi, zvichienderana nezvakatarwa muBumbiro reMitemo rino.
- Kuganhurwa kwematunhu esarudzo uku kunofanirwa kuitwa makore gumi oga oga kuverengwa kwevanhu munyika kuchangobva kuitwa.
- Kuganhurwa kwematunhu kunopedzwa kwasara nguva isingasvike mwedzi mitanhatu kubva pazuva rekuitwa kwesarudzo hakushandisiwi pasarudzo iyoyo.
- Ripoti inombofanonyorwa maererano nekuganhurwa kwematunhu inofanirwa kuendeswa kuParamende neMutungamiriri weNyika uye Komisheni inofanirwa kutarisa zvose zvinenge zvataurwa neParamende isati yaendesa ripoti yayo yekupedzisira uye zvainosarudza kuita panyaya chero ipi zvayo hazvikwanisi kushandurwa.

- Mukati memazuva gumi nemana ekutambira ripoti, Mutungamiriri weNyika anofanirwa kuburitsa chiziviso chemazita nemiganhu yemawadhi neyematunhu esarudzo sekuganhurwa kwazvinenge zvaitwa neKomisheni.

CHITSAUKO 8

Utongi neMatata eDzimhosva (Zvikamu 162-193)

Chikamu 1

Mashandiro eMatata eDzimhosva

- Masimba eutongi anobva kuvanhu uye anoshandiswa nematare edzimhosva anoti: Dare redzimhosva rinoona nezveBumbiro reMitemo, Dare redzimhosva repamusoro-soro, Dare redzimhosva repamusoro, Dare redzimhosva rinoona nezvenyaya dzevashandi nevashandirwi, Dare redzimhosva rinoona nezvenyaya dzeutungamiriri, Matare edzimhosva anoshanda nemamejasitiriri, Matare edzimhosva anoona nezvemutemo wechivanhu uye mamwe matare edzimhosva anodzika neMutemo weParamende.
- Utongi hunoubwa neMukuru wevatongi, Mutevedzeri weMukuru wevatongi, vamwe vatongi vematare edzimhosva uye vanotungamirira matare edzimhosva anoshanda nemamejasitiriri nematare edzimhosva anoona nezvemutemo wechivanhu.
- Matare edzimhosva akazvimirira, anongotevedza Bumbiro reMitemo rino chete uye kuzvimirira nekushanda pasina kwaakarekera kwavo ndiwo musimbati wekutevedzwa kwemitemo yenyika neutongi hunotevedza zvido zveruzhinji rwevanhu.
- Nyika inofanirwa kuchengetedza matare edzimhosva.
- Nhengo dzeutongi dzinofanirwa kutungamirira nezvinofanirwa kutevedzwa zvinotevera:
 - kuti ruenzaniso runofanirwa kuwaniswa kuvanhu vose;
 - kuti ruenzaniso harufanirwa kunonotswa;
 - kuti basa rinoitwa nematare edzimhosva rakakosha chaizvo pakuchengetedza kodzero dzevanhu nerusununguko rwavo uye kutevedzwa kwemitemo.
- Nhengo dzeutongi hadzifanirwi kupinda mune zvevatongerwo enyika kana kutambira kana kukumbira zvipo. Dzinofanirwa kukoshesa basa radzo kupfuura zvimwe zvose uye kugara dzichiziva zvinhu zvitsva zviri kuitika munyaya dzezvemitemo.
- Dare redzimhosva rinoona nezveBumbiro reMitemo ndiro Dare repamusoro-soro panyaya dzose dzine chekuita neBumbiro reMitemo.
- Dare redzimhosva repamusoro-soro idare rakakosha kwazvo uye ndiro dare rekupedzisira muZimbabwe, kunze kwekuti nyaya dziri kutongwa dzichifanirwa kutongwa neDare redzimhosva rinoona nezveBumbiro reMitemo.
- Dare redzimhosva repamusoro idare rakakosha kwazvo.
- Dare redzimhosva rinoona nezvenyaya dzevashandi nevashandirwi neDare redzimhosva rinoona nezvenyaya dzeutungamiriri matare akakosha kwazvo.

- Masimba, kudzikwa nekuumbwa kwematare edzimhosva anoshanda nenamejasitiriri nematare edzimhosva anoona nezvemutemo wechivanhu zvinokwanisa kudzikwa neMutemo weParamende.

Chikamu 2

Kusarudzwa kweVatongi neUrefu hweNguva Dzavanofanirwa Kuva Pazvinzvimbo

- Zvinodikanwa kuti vanhu vakwanise kuva vatongi vematare ose, urefu hwenguva yavanofanirwa kuva pazvinzvimbo uye mapinzirwo nemaburitsirwo avanoitwa mabasa zvinotsanangurwa zvizere muBumbiro reMitemo.
- Zvikuru zvinodikanwa kuti munhu akwanise kuva mutongi ndezvizi: anofanirwa kunge achikodzera kushanda segweta kwemakore anosvika manomwe asi makore gumi kana kupfuura ndiwo anodikanwa kuvatongi veDare redzimhosva repamusoro-soro uye makore gumi nemaviri kuvatongi veDare redzimhosva rinoona nezveBumbiro reMitemo.
- Vashandi vachasarudzwa nenzira inotevera:
 - kushambadzira zvinzvimbo;
 - kuita kuti Mutungamiriri weNyika neruzhinji rwevanhu vadome mazita evanhu vanokwanisa kutora zvinzvimbo;
 - kubvunzurudza vanenge vachida kutora zvinzvimbo ruzhinji rwevanhu ruchinzwa;
 - kunyora pasi mazita evanhu vatatu vanokodzera kutora chinzvimbo;
 - kuendesha mazita evanhu vatatu ava kuMutungamiriri weNyika kuti adome akakodzera kutora chinzvimbo;
- Vatongi veDare redzimhosva rinoona nezveBumbiro reMitemo vanokwanisa, zvichienderanana nemakore ekuberekerwa anotarisirwa kuti vatongi vose vasiye basa, kunzi vatonge zvakare kwechikamu chimwe chete chete chemakore asingapfuuri gumi nemashanu. Vatongi veDare redzimhosva repamusoro-soro neDare redzimhosva repamusoro vanoshanda kusvikira vava nemakore makumi manomwe ekuberekwa.
- Mutongi anogona kubviswa pachinzvimbo chete nekuda kwe-:
 - kutadza kuita basa nekuda kwekurwara kwemuviri kana kwepfungwa;
 - kutadza basa zvakananyanya;
 - kuita zvisingatatarisirwi zvachose pabasa.
- Mutongi anobviswa pachinzvimbo kana izvi zvakurudzirwa nedare revanoongorora, rinodzikwa nechinangwa chekuongorora uku neMutungamiriri weNyika uye dare revaongorori iri rinofanirwa kunge rine nhengo nhatu kana kupfuura.
- Mutungamiriri weNyika anofanirwa kutevedza zvinenge zvakurudzirwa nedare iri chero zvipi zvazvo.

Chikamu 3

Komisheni inoona nezveutongi

- Utongi huchashanda huri pasi peKomisheni inoona nezveutongi uye inotungamirirwa neMukuru weVatongi.
- Vanoumba Komisheni iyi vakatsanangurwa zvizere muBumbiro reMitemo
- Basa rayo rinosanganisira:
 - kupa Hurumende mazano pamusoro pezvine chekuita neutongi uye kutungamirirwa kwemabasa ezveutongi;
 - kukurudzira kuzvimirira nekutsanangura mashandiro kweutongi uyezve kuti pave nekutungamirirwa kwemabasa ezveutongi kwakanaka uye kuri pachena;
 - kugadzira mitemo yakanangana nezveutongi.
- Komisheni iyi inofanirwa kuita basa rayo nenzira yakaenzanirana uye iri pachena.

CHITSAUKO 9

Zvinofanirwa Kutevedzwa Pakutungamirirwa Kweruzhinji rwevanhu (Zvikamu 194-198)

Chitsauko chino chinotsanangura zvinofanirwa kutevedzwa pakutungamirirwa kweruzhinji rwevanhu. Zvinofanirwa kutevedzwa izvi zvinobata Hurumende uye mapoka nemapazi ayo ose, makanzuru, makambani ane chekuita neHurumende, makambani eHurumende nevanhu vari pazvinzvimbo mumasangano nemapoka ane chekuita neruzhinji rwevanhu.

1. Zvinofanirwa kukosheswa nekutevedzwa

- Pakutungamirirwa kweruzhinji rwevanhu, zvinotevera zvinofanirwa kukosheswa nguva dzose:
 - zvido zveruzhinji rwevanhu zvakapihwa muBumbiro reMitemo rino;
 - kushanda mabasa nemazvo uye nenzira ine nduramo;
 - kushandisa mari nehumwe upfumi nemazvo, pasina kupfachura;
 - kusarerekera divi rimwe chete nekuenzana;
 - kuzadzikisa zvido zveruzhinji rwevanhu nekukasika;
 - utungamiriri hunowanikwa nyore, huri pachena, hunotsanangura mashandiro uye hwakanangana nebudiro;
 - kupinda kweruzhinji rwevanhu muzviitiko zvekusarudza zvekuita;
 - mitemo yekutungamirirwa kwevanhu inokurudzira kupinzwa nekudzidziswa mabasa kwevanhu, kukwidziridzwa nekuda kwekugona basa kwavo uye nekusiyana-siyana kwevanhu munyika, pachikosheswa unyanzvi hwavo;
 - kuenzana kwevanhurume nevanhukadzi uye kucherechedzwa kwevanhu vakaremara (Chikamu 194).

2. Makambani ane chekuita neHurumende ne makambani eHurumende

- Makambani ane chekuita neHurumende nemakambani eHurumende anofanirwa kuita basa rawo nenzira inoita kuti arambe achishanda zvakanaka uye anofanirwa kutevedza mitemo yekushanda kwemakambani.
- Nzira dzekutenga nadzo zvinhu dzinofanirwa kujeka uye kubvumidza kukwikwidzana (Chikamu 195).

3. Vatungamiriri nevabati vezvinzvimbo mumapazi ehurumende

Vatungamiriri nevabati vezvinzvimbo mumapazi ehurumende vanofanirwa kushanda basa ravo nechinangwa chekubatsira vanhu. Zvavanoita zvinofanirwa kuenderana nezviri muBumbiro reMitemo. Vanofanirwa kuremekedza vanhu nekuvashandira kwete kuvatonga.

4. Vatungamiriri vemakambani

Urefu hwenguva yekuva pazvinzvimbo kwevatungamiriri vemakambani ane chekuita neHurumende neHurumende hunogona kutaurwa kuti hunogumira papi nemutemo.

5. Kuita kuti zvinofanirwa kutevedzwa pakutungamirirwa kweruzhinji rwevanhu zviitwe

Kuchadzikwa mutemo wakanangana nezvinotevera:

- kuburitsa pachena uwandu hwepfuma kunoitwa nevashandi veHurumende nguva nenguva;
- zvinofanirwa kutevedzwa pakushanda nekurangwa kwevashandi veHurumende;
- kudzika matungamirirwe akanaka emakambani ane chekuita neHurumende neHurumende.

CHITSAUKO 10

Vashandi veHurumende (Zvikamu 194-205)

1. Vashandi veHurumende

- Vashandi veHurumende vanhu vanoshandira Hurumende.
- Mapurisa, mauto, magadhijeri, vari mumabasa ezveutongi nevashandi veParamende havasi vashandi veHurumende.
- Pakuita basa ravo, vashandi veHurumende vanotarisirwa:
 - kutevedza Bumbiro Remitemo;
 - kusatevedzera zvisiri pamutemo zvavanonzi vaite;
 - kusarerekera divi rimwe chete rezvematongerwo enyika;
 - kuremekedza kodzero nemhando dzerusununguko dzevanhu vose.

- Vashandi veHurumende havakwanisi kuva nezvinzvimbo mubato rezvematongerwo enyika chero ripi zvaro.

2. Komisheni inoona nezvevashandi veHurumende

- Vashandi veHurumende vachatungamirirwa neKomisheni inoona nezvevashandi veHurumende.
- Nhengo dzeKomisheni iyi dzinofanirwa kunge dzakanyatsokodzera kushanda senhengo dzeKomisheni uye dzinodomwa neMutungamiriri weNyika.
- Basa rayo rinosanganisira kupinza basa, kudzika mitemo yakanangana nemashandiro, kutara mari dzinotambirwa nevashandi, kuranga nekuongorora zvichemo zvevashandi veHurumende. Komisheni iyi inopanga Hurumende mazano panyaya dzine chekuita nevashandi veHurumende.
- Nechinangwa chekuona kuti vashandi veHurumende vangatambira marii uye vangashanda sei, vashandi veHurumende vachava nekodzero yekutaurirana uye kuwirirana neHurumende pamusoro pezvinhu izvi.

3. Vamiriri veZimbabwe kune dzimwe nyika

Vamiriri veZimbabwe kune dzimwe nyika vachasarudzwa neMutungamiriri weNyika uye vanokwanisa kubviswa pachinzvimbo neMutungamiriri weNyika chero nguva.

4. Vanyori vakuru vemapazi eHurumende

- Vanyori vakuru vemapazi eHurumende vachasarudzwa neMutungamiriri weNyika mushure mekubvunza mazano kuKomisheni inoona nezvevashandi veHurumende.
- Vanoshanda kwemakore mashanu, uye vanokwanisa kunzi vashande zvakare kwemamwe makore mashanu kamwe chete, ndokunge vachinyatsogona basa ravo uye vachishanda nemazvo.

CHITSAUKO 11

Vanoona nezvekuchengetedzwa kwenyika (Zvikamu 206-210)

Chikamu 1

1. Mamiriro nebasa revanoona nezvekuchengetedzwa kwenyika

- Vanoona nezvekuchengetedzwa kwenyika vanosanganisira Mauto, Mapurisa, Magadhijeri, vanoita utikitivha muchivande uye chero vapi zvavo vanoona nezvekuchengetedzwa kwenyika kunobvumidzwa nemutemo.
- Basa ravo nderekuchengetedza nyika uye vanofanirwa kuita izvi vachitevedza Bumbiro reMitemo rino uye vachiremekedza kodzero nemhando dzerusununguko dzakakoshesesa dzevagari vemunyika.

- Vanofanirwa kukoshesa mitemo yenyika.

2. Nhengo dzevanoona nezvekuchengetedzwa kwenyika

- Pakuita basa radzo, nhengo dzevanoona nezvekuchengetedzwa kwenyika dzinotarisirwa:
 - kutevedza Bumbiro Remitemo;
 - kusava nhengo dzinomira-mira kana kutora zvinzvimbo mumapato ezvematongerwo enyika;
 - kusarerekera divi rimwe chete mune zvematongerwo enyika;
 - kuremekedza kodzero nemhando dzerusununguko dzakakoshesesa dzevagari vemunyika.
- Hadzifanirwi kushanda mumapoka nemapazi anoshandira ruzhinji rwevanhu kunze kwekunge iri nguva yematambudziko akaipisisa.

3. Boka rinoona nezvekuchengetedzwa kwenyika

- Kuchava neBoka rinoona nezvekuchengetedzwa kwenyika rinoona nezvegware rekuchengetedzwa kwenyika.
- Nhengo dzaro dzichasanganisira Mutungamiriri weNyika, Vatevedzeri veMutungamiriri weNyika uye dzimwe nhengo sezvinodikanwa nemutemo.

4. Zvinyunyuto

Zvinyunyuto pamusoro penhengo dzevanoona nezvekuchengetedzwa kwenyika zvichaongororwa nenzira dzisina chekuita nevanoona nezvekuchengetedzwa kwenyika.

Chikamu 2

Mauto (Zvikamu 211-218)

1. Mamiriro

- Mauto anosanganisira anoshandisa zvombo ari pasi uye anoshandisa zvombo ari muchadenga. Mamwewo mauto anokwanisa kuumbwa pachitevedzwa mutemo. Anofanirwa kuchengetedza nyika uye anofanirwa:
 - kushanda nenyika yose;
 - kuda nyika;
 - kuita basa nemazvo;
 - kusarerekera divi rimwe chete rezvematongerwo enyika;
 - kuzviisa pasi pehurumende yenyika;

- kuva neunhu uye kuteerera.

2. Kutumwa basa nekutumirwa kuhondo kweMauto

- Mutungamiriri weNyika seMukuru weMauto anokwanisa kubvumidza kutumwa basa nekutumirwa kuhondo kweMauto:
 - nechinangwa chekudzivirira nyika;
 - kuitira kuti ruzhinji rwevanhu ruchengetedze mutemo;
 - nechinangwa chekubatsira vanoshanda neruzhinji rwevanhu panguva yematambudziko akaipisira;
 - kunze kweZimbabwe, nechinangwa chekudzivirira zvido zvenyika kana kuzadzikisa zvinotarirwa kuZimbabwe nedzimwe nyika dzepasi rose.
- Kutumwa basa nekutumirwa kuhondo kweMauto kunofanirwa kubvumirwa neParamende asi kana kusina kubvumirwa, kunofanirwa kukanzurwa.

3. Vatungamiriri veMauto

- Vatungamiriri veMauto:
 - vanodomwa neMutungamiriri weNyika mushure mekubvunza mazano kuGurukota reHurumende rinoona nezveMauto;
 - vanoshanda kwemakore mashanu, uye vanokwanisa kunzi vashande zvakare kwemamwe makore mashanu chete chete;
 - vanotungamirira vachitevedza gwara ravanopiwa neGurukota reHurumende rinoona nezveMauto, richitevedza zvinenge zvataurwa neMutungamiriri weNyika.

4. Komisheni inoona nezveMauto

- Mauto achatungamirirwa neKomisheni inoona nezveMauto.
- Nhengo dzeKomisheni iyi dzinofanirwa kunge dzakanyatsokodzera kushanda muKomisheni uye dzinosarudzwa neMutungamiriri weNyika.
- Mabasa ayo anosanganisira:
 - kupinza mabasa nekudzika mitemo yakanangana nemashandiro eMauto;
 - kutara mari dzinotambirwa neMauto;
 - kukurudzira kuti pave nekudyidzana uye kunzwisana pakati peMauto nevagari vemunyika;
 - kupanga Hurumende mazano panyaya dzine chekuita neMauto.

Chikamu 3

Mapurisa (Zvikamu 219-223)

1. Mapurisa

- Anoita basa rinotevera:
 - Kuchengetedza mutemo nerunyararo munyika uye kuona kuti munyika mune kuchengetedzeka;
 - kuchengetedza vanhu nepfuma yavo.
- Anofanirwa:
 - kushanda nenyika yose;
 - kuda nyika;
 - kuita basa nemazvo;
 - kusarerekera divi rimwe chete rezvematongerwo enyika;
 - kuzviisa pasi pehurumende yenyika.

2. Mukuru mukuru wemapurisa

- Mukuru mukuru wemapurisa:
 - anodomwa neMutungamiriri weNyika mushure mekubvunza mazano kuGurukota reHurumende rinoona nezveMapurisa.
 - anoshanda kwemakore mashanu, uye anokwanisa kunzi ashande zvakare kwemamwe makore mashanu chete chete.
 - haakwanisi kudomwa kuti atungamirire chimwewo chikamu chinoona nezvekuchengetedzwa kwenyika;
 - anotungamirira achitevedza gwara raanopiwa neGurukota reHurumende rinoona nezveMapurisa, richitevedza zvinenge zvataurwa neMutungamiriri weNyika.

3. Komisheni inoona nezveMapurisa

- Mapurisa achatungamirirwa neKomisheni inoona nezveMapurisa.
- Nhengo dzeKomisheni iyi dzinofanirwa kunge dzakanyatsokodzera kushanda muKomisheni uye dzinosarudzwa neMutungamiriri weNyika.
- Mabasa ayo anosanganisira:
 - kupinza basa nekudzika mitemo yakanangana nemashandiro eMapurisa;
 - kutara mari dzinotambirwa neMapurisa;
 - kukurudzira kudyidzana nekunzwisisana pakati peMapurisa nevagari vemunyika;
 - kupanga Hurumende mazano panyaya dzine chekuita neMapurisa.

Chikamu 4

Vanoita utikitivha muchivande (Zvikamu 224-226)

1. Vanoita utikitivha muchivande

- Chikamu chevanoita utikitivha muchivande chinofanirwa kuumbwa nemutemo kana kuti kuchitevedzwa zvinenge zvabva kuMutungamiriri weNyika kana kuDare reMakurukota eHurumende.
- Vanofanirwa:

- kushanda nenyika yose;
- kuda nyika;
- kuita basa nemazvo;
- kusarerekera divi rimwe chete rezvematongerwo enyika;
- kuzviisa pasi pehurumende yenyika.

2. Utungamiriri

- Mukuru mukuru wevanoita utikitivha muchivande:
 - anodomwa neMutungamiriri weNyika;
 - anoshanda kwemakore mashanu, uye anokwanisa kunzi ashande zvakare kwemamwe makore mashanu chete chete;
 - haakwanisi kudomwa kuti atungamirire chimwewo chikamu chinoona nezvekuchengetedzwa kwenyika;
 - anotungamirira achitevedza gwara raanopiwa neGurukota reHurumende rinoona nezvevanoita utikitivha muchivande, richitevedza zvinenge zvataurwa neMutungamiriri weNyika.

Chikamu 5

Vanoona nezvemajeri nekutsiurwa kwevapari vemhosva (Zvikamu 227-231)

1. Chikamu chevanoona nezvemajeri nekutsiurwa kwevapari vemhosva

- Chikamu ichi chinoita basa rinotevera:
 - kuchengetedza nyika kubva kuvapari vemhosva kuburikidza nekuvaisa muusungwa nekuvatsiura;
 - kutungamirira majeri nedzimwe nzvimbo dzinochengeterwa vapari vemhosva.
- Vanofanirwa:
 - kushanda nenyika yose;
 - kuda nyika;
 - kuita basa nemazvo;
 - kusarerekera divi rimwe chete mune zvmatongerwo enyika;
 - kuzviisa pasi pehurumende yenyika.

2. Mukuru mukuru wevanoona nezvemajeri nekutsiurwa kwevapari vemhosva

- Mukuru mukuru wevanoona nezvemajeri nekutsiurwa kwevapari vemhosva
 - anodomwa neMutungamiriri weNyika mushure mekubvunza mazano kuGurukota reHurumende rinoona nezvemajeri nekutsiurwa kwevapari vemhosva;
 - anoshanda kwemakore mashanu, uye anokwanisa kunzi ashande zvakare kwemamwe makore mashanu chete chete;
 - haakwanisi kudomwa kuti atungamirire chimwewo chikamu chinoona nezvekuchengetedzwa kwenyika;
 - anotungamirira achitevedza gwara raanopiwa neGurukota reHurumende rinoona nezvemajeri nekutsiurwa kwevapari vemhosva, richitevedza zvinenge zvataurwa neMutungamiriri weNyika.

3. Komisheni inoona nezvemajeri nekutsiurwa kwevapari vemhosva

- Vashandi vechikamu ichi vachatungamirirwa neKomisheni inoona nezvemajeri nekutsiurwa kwevapari vemhosva.
- Nhengo dzeKomisheni iyi dzinofanirwa kunge dzakanyatsokodzera kushanda muKomisheni iyi uye dzinosarudzwa neMutungamiriri weNyika.
- Mabasa ayo anosanganisira:
 - kupinza mabasa nekudzika mitemo yakanangana nemashandiro evanoona nezvemajeri nekutsiurwa kwevapari vemhosva;
 - kutara mari dzinotambirwa nevanoona nezvemajeri nekutsiurwa kwevapari vemhosva;
 - kukurudzira kudyidzana nekunzwisisana pakati pevanoona nezvemajeri nekutsiurwa kwevapari vemhosva nevagari vemunyika;
 - kupanga Hurumende mazano panyaya dzine chekuita nevanoona nezvemajeri nekutsiurwa kwevapari vemhosva.

CHITSAUKO 12

Makomisheni akazvimirira anotsigira gwara rinotevedza zvido zveruzhinji rwevanhu

Chikamu 1

Zvakasiyana-siyana (Zvikamu 232-237)

1. Mamiriro emaKomisheni

- Kune makomisheni mashanu anoti:
 - Komisheni inoona nezvesarudzo muZimbabwe;
 - Komisheni inoona nezvekodzera dzevanhu muZimbabwe;

- Komisheni inoona nezvevanhukadzi nevanhurume;
- Komisheni inoona nezvekufambiswa kwemashoko muZimbabwe;
- Komisheni inoona nezverunyararo nekuyanana kwevanhu munyika.

➤ MaKomisheni aya aripo kutsigira gwara rinotevedza zvido zveruzhinji rwevanhu kubudikidza ne-

- kusimbaradza kodzero dzevanhu negwara rinotevedza zvido zveruzhinji rwevanhu;
- kuchengetedza kuzvitonga nezvido zvevagari vemunyika;
- kukurudzira kushandiswa kwemitemo iri muBumbiro reM itemo;
- kukurudzira kuitira zvinhu pachena nekutsanangura mashandiro mumapazi eHurumende;
- kuona kuti gwara rinotevedza zvido zveruzhinji rwevanhu ratevedzwa nemapoka nemasangano ose;
- kuona kuti zvakaipa zvinoitirwa vanhu zvagadziriswa.

➤ MaKomisheni:

- achashanda akazvimiririra pasina kutungamirirwa kana kurairwa chero naani zvake uye zvisina kutya, tsvete, ruvengo kana kukanganiswa;
- achatsanangura mashandiro awo kuParamende;
- achava nekodzero yekuwana rutsigiro kubva kumapoka ose eHurumende pakuchengetedzwa kwerusununguko rwawo.

2. Nhengo dzemaKomisheni

- Nhengo dzemaKomisheni dzinodomwa neMutungamiriri weNyika uye Paramende neruzhinji rwevanhu zvichava nechekuita neurongwa hwekudomwa uku.
- Nhengo dzemaKomisheni hadzingobviswi pazvinzvimbo pasina chikonzero.
- Nhengo dzemaKomisheni dzinofanirwa:
 - kuita basa radzo zvinoenderana nezviri muBumbiro reM itemo rino;
 - kuita basa pasina kurereka divi rimwe chete;
 - kusarerekera divi rimwe chete mune zvmatongerwo enyika;
 - kusakanganisa kodzero nemhando dzerusununguko dzevanhu dzakakoshesesa.

Chikamu 2

Komisheni inoona nezvesarudzo (Zvikamu 238-241)

1. Nhengo dzeKomisheni inoona nezvesarudzo

- Sachigaro, anenge ari mutongi kana kuti akamboshanda semutongi kana kuti ari munhu akakodzera kudomwa semutongi, anodomwa neMutungamiriri weNyika mushure mekubvunza pfungwa dzeKomisheni inoona nezveUtongi uye Paramende neruzhinji rwevanhu zvichava nechekuita neurongwa hwekudomwa uku.
- dzimwe nhengo sere dzinodomwa neMutungamiriri weNyika uye Paramende neruzhinji rwevanhu zvichava nechekuita neurongwa hwekudomwa uku.
- Dzinofanirwa kuva vagari veZimbabwe.
- Dzinofanirwa kuva vanhu vakavimbika.
- Dzinofanirwa kupihwa basa kwemakore matanhatu uye dzinogona kudzororwa pabasa kwemamwe makore matanhatu chete.

2. Mabasa eKomisheni

- Komisheni inoona nezvesarudzo inotungamirira kuitwa kwesarudzo dzeMutungamiriri weNyika, dzematunhu makuru nemakanzuru uye dzedare remadzishe renyika pamwe chete nemareferenda, kusanganisira:
 - kunyoresa vanhu vachavhota;
 - kuunganidza mazita mumagwaro evavhoti;
 - kutara miganhu yematunhu esarudzo;
 - kudzidzisa vanhu maererano nezvekuvhota;
 - kutambira nekuongorora zvichemo;
 - kuzivisa nezvemafambiro anenge aita zvinhu pasarudzo yega yega nekukasika. (Zvikamu 238-241)

Chikamu 3

Komisheni inoona nezvekodzera dzevanhu (Zvikamu 242-244)

1. Nhengo dzeKomisheni inoona nezvekodzera dzevanhu

- Sachigaro, anenge ari mutongi kana kuti akamboshanda semutongi kana kuti ari munhu akakodzera kudomwa semutongi, anodomwa neMutungamiriri weNyika mushure mekubvunza pfungwa dzeKomisheni inoona nezveUtongi uye Paramende neruzhinji rwevanhu zvichava nechekuita neurongwa hwekudomwa uku.
- dzimwe nhengo sere dzinodomwa neMutungamiriri weNyika uye Paramende neruzhinji rwevanhu zvichava nechekuita neurongwa hwekudomwa uku.
- Dzinofanirwa kuva vanhu vakavimbika.

2. Mabasa eKomisheni

- Komisheni inoona nezvekodzera dzevanhu ine basa re:

- kukurudzira kuzivikanwa nekuremekedzwa kwekodzero dzevanhu munyika yose;
- kuongorora kuti kodzero dzevanhu dzatevedzwa here;
- kutambira zvichemo nekutora matanho akakodzera;
- kuchengetedza ruzhinji rwevanhu kubva mukushandisirwa simba nekutungamirirwa zvisizvo neHurumende, mapazi ehurumende pamwe chete nevashandi vayo;
- kuongorora kukanganiswa kwekodzero dzevanhu chero kupi zvako;
- kuona kuti pawanikwa nzira dzakakodzera dzekugadzirisa vakanganisirwa;
- kuraira Mukuru mukuru wemapurisa kuti aferefete nyaya dzine chekuita nekukanganiswa kwakaipisira kwekodzero dzevanhu;
- kushanyira nekuongorora majeri nedzimwe nzvimbo dzinochengeterwa vasungwa;
- kuita kuti munhu kana boka chero ripi zvaro rinyore maripoti maererano nezvematanho ari kutorwa kuzadzikisa kodzero dzevanhu kana kuti maererano neruzivo runodikanwa pamashoko anobatsira munyaya dzine chekuita nenyika dzepasi rose;
- kupa maripoti kuParamende.

Chikamu 4

Komisheni inoona nezvevanhukadzi nevanhurume (Zvikamu 245-247)

1. Nhengo dzeKomisheni inoona nezvevanhukadzi nevanhurume

- Sachigaro nedzimwe nhengo sere dzinodomwa neMutungamiriri weNyika uye Paramende neruzhinji rwevanhu zvichava nechekuita neurongwa hwekudomwa uku.
- Dzinofanirwa kuva vanhu vakavimbika uye vanonzwisisa nyaya dzine chekuita nevanhukadzi nevanhurume.

2. Mabasa eKomisheni

- Komisheni inoona nezvevanhukadzi nevanhurume ine basa re:
 - kuongorora nyaya dzine chekuita nekuenzaniswa kwevanhukadzi nevanhurume;
 - kuongorora kutyorwa kwekodzero dzine chekuita nezvevanhurume nevanhukadzi;
 - kukurudzira kuziviswa nekuremekedzwa kwekodzero dzevanhu munyika yese;
 - kuongorora kukosheswa kwekodzero dzevanhu;
 - kutambira zvichemo nekutora matanho akakodzera;
 - kupa mazano kuruzhinji rwevanhu nemapoka akasiyana-siyana maererano nematanho angatorwa kuti pave nekuenzaniswa pakati pevanhukadzi nevanhurume;
 - kukurudzira zviringwa zvekusimudzirwa kwevanga vachitarisirwa pasi uye kutongwa kwevanenge vatyora gwara rekuenzaniswa kwevanhukadzi nevanhurume;
 - Kuona kuti panotyorwa kodzero dzine chekuita nevanhukadzi nevanhurume pagadziriswa;
 - kupa maripoti kuParamende.

Chikamu 5

Komisheni inoona nezvekufambiswa kwemashoko (Zvikamu 248-250)

1. Nhengo dzekomisheni inoona nezvekufambiswa kwemashoko

- Sachigaro nedzimwe nhengo sere dzinodomwa neMutungamiriri weNyika uye Paramende neruzhinji rwevanhu zvichava nechekuita neurongwa hwekudomwa uku.
- Dzinofanirwa kuva vanhu vakavimbika uye vanonzwisisa nyaya dzine chekuita nekodzero dzevanhu nemashandiro akanaka mubasa rezvekufambiswa kwemashoko.

2. Mabasa eKomisheni

- Komisheni inoona nezvekufambiswa kwemashoko inoita basa re-
 - kukurudzira rusununguko mumabasa ezvekufambiswa kwemashoko;
 - kukurudzira mashandiro nevanhu hwakanaka;
 - kuongorora kutepfenyurwa kwenhau nechinangwa chekuchengetedza zvido zveruzhinji rwevanhu uye kuona kuti munhau mabuda pfungwa dzakasiyana-siyana;
 - kukurudzira kudzikwa kana kudzika mitemo inofanirwa kutevedzwa nevanhu vanoshanda mumabasa ezvekufambiswa kwemashoko pamwe chete nekuona kuti mitemo iyi yatevedzwa; kuona nezvekuenzaniswa kwevanhukadzi nevanhurume;
 - kutambira zvichemo nekutora matanho akakodzera ekuranga vari mumabasa ezvekufambiswa kwemashoko;
 - kuona kuti ruzhinji rwevanhu rwawaniswa mashoko zvakaenzanirana, kukurudzira kukwikwidzana nekusiyanisa-siyana mune zvekufambiswa kwemashoko;
 - kukurudzira kushandiswa kwemitauro yakatambirwa kuti ndiyo inoshandiswa muZimbabwe.
 - kupamiripoti kuParamende.

Chikamu 6

Komisheni inoona nezverunyararo nekuyanana (Zvikamu 251-253)

1. Urefu hwenguva

- Komisheni iyi ichavepo kwemakore gumi zvichitevera kutanga kushanda kweBumbiro reMitemo rino.

2. Nhengo dzeKomisheni inoona nezverunyararo nekuyanana

- Sachigaro, anenge ari mutongi kana kuti akamboshanda semutongi kana kuti ari munhu akakodzera kudomwa semutongi, anodomwa neMutungamiriri weNyika mushure mekubvunza pfungwa dzeKomisheni inoona nezveUtongi uye Paramende neruzhinji rwevanhu zvichava nechekuita neurongwa hwekudomwa uku.
- Dzimwe nhengo sere dzinodomwa neMutungamiriri weNyika uye Paramende neruzhinji rwevanhu zvichava nechekuita neurongwa hwekudomwa uku.
- Dzinofanirwa kuva vanhu vakavimbika, vakamboshanda kwenguva refu mumabasa ezvekuyanana, ekudzivirira kupesana nekugadzirisa vanenge vapokana.

3. Mabasa eKomisheni

- Komisheni inoona nezvekufambiswa kwemashoko inoita basa re:
 - kuona kuti pava neruenzaniso, kuregererana nekuyanana mushure mekurwisana kana kusawirirana;
 - kuvamba nekuparura zvirongwa zvinokurudzira kuregererana, kubatana nekupedza kusawirirana murunyararo pamwe chete nekudzika zvinofanirwa kutevedzwa pakuita kuti vanenge vachipikisana vataurirane;
 - kukurudzira kutaurya kwechokwadi chezvakaipa zvakaitika kare senzira yekuregererana, kugadzirisa zvakananganiswa nekuwaniswa ruenzaniso;
 - kuvamba zvirongwa zvekuparura nekutsigirwa kwevanhu vakatambudzwa nekurwadziswa;
 - kuumba nzira dzekukurumidza kuona pangangopesana vanhu nekutora matanho ekudzivirira kupesana uku;
 - kunyaradza nekuyanana vari kupesana;
 - kutambira zvichemo nekutora matanho akakodzera;
 - kupa maripoti kuParamende

CHITSAUKO 13

Mapoka anorwisa uwori nekuparwa kwemhosva

Chikamu 1

Komisheni inoona nezvekurwisana neuwori muZimbabwe (Zvikamu 254-257)

1. Nhengo dzeKomisheni inoona nezvekurwisana neuwori

- Sachigaro nedzimwe nhengo sere dzinodomwa neMutungamiriri weNyika uye Paramende neruzhinji rwevanhu zvichava nechekuita neurongwa hwekudomwa uku.
- Dzinofanirwa kuva vanhu vakavimbika uye vane ruzivo rwekuferefeta nekutonga mhosva.
- Vachaita zvinotevera:
 - kushanda vakazvimirira uye vasingatungamirirwi kana kurairwa chero naani zvake uye zvisina kutya, tsvete kana ruvengo kana kukanganiswa;

- kutsanangura mashandiro avo kuParamende;
 - kuva nekodzero yekuwana rutsigiro kubva kumapoka ose eHurumende pakuchengetedzwa kwerusununguko rwawo.
- Nhengo dzemaKomisheni hadzingobviswi pazvinzvimbo pasina chikonzero.

2. Mabasa eKomisheni

- Komisheni iyi inoita basa re:
- kuferefeta nekuburitsa pachena mabasa euwori mumapazi eHurumende nemakambani akazvimirira;
 - kurwisana neuwori, kuba, kusashandiswa zvakanaka kwesimba nehumwe unhu husina kunaka;
 - kukurudzira kuvimbika, kushandiswa zvakanaka kwemari nekuitira zvinhu pachena;
 - kutambira zvichemo zvinobva kuruzhinji rwevanhu nekutora matanho;
 - kuraira Mukuru mukuru wemapurisa kuti aferefete nyaya dzeuwori uye kuzivisa Komisheni zvinenge zvabuda mukuferefeta uku;
 - kupamazano maererano nezvingaitwa kudzivirira uwori;
 - kupamaripoti kuParamende.
- Hurumende inofanirwa kuona kuti Komisheni iyi yakwanisa kuita kuti vapari vemhosva vasungwa nekutongwa.

Chikamu 2

Boka rinoona nezvekutongwa kwemhosva (Zvikamu 258-263)

1. Boka rezvekutongwa kwemhosva

Rine basa rekuona nezvekutongwa kwemhosva dzose uye rinotungamirirwa neMukuru weBoka rezvekutongwa kwemhosva uyo anofanirwa kuva munhu anokodzera kuva mutongi weDare redzimhosva repamusoro-soro.

CHITSAUKO 14

Hurumende dzematunhu makuru nemakanzuru (Zvikamu 264-266)

1. Kuparadzirwa kwemasimba

- Kuparadzirwa kwemasimba kumatunhu makuru nemakanzuru kunoitirwa kuti vagari vemuZimbabwe vose vawane zvavanoitawo mukushandiswa kwemasimba eHurumende. Nokudaro, hazvirevi kuti kuparadzirwa kwemasimba kune chinangwa chekukurudzira kupesana, kupatsanurana kana kukurudzira kusabatana.
- Chinangwa ndechekuita kuti vanhu vari mumatunhu vawedzere kupinda muzviitiko zvekusarudza zvekuita nemukushandiswa kwemasimba eHurumende.
- kucherechedza kodzero dzenharaunda dzekutungamirira kuitwa kwemabasa ane chekuita nadzo;
- kuona kuti zviwanikwa zvemunharaunda nezvemunyika yose zvagoverwa zvakaenzana uye kuita kuti matunhu ave nemari yakakodzera.

2. Zvinofanirwa kutevedzwa mukutongwa kwematunhu makuru nemakanzuru

- Makanzuru anofanirwa:
 - kuona kuti kune utungamiriri hwakanaka kuburikidza nekuita basa nemazvo, kuitira zvinhu pachena nekuva nechinangwa chimwe chete;
 - kuita mabasa aakanzi aite chete;
 - kuita basa rawo nenzira inoita kuti asapfuurira miganhu yawo yenzvimbo neyemaitirwo emabasa;
 - kushanda pamwe chete nemamwe makanzuru kuburikidza nekubvunzana mazano, kuronga zvinhu pamwe chete vachishandisa nzira nematanho akanzi ashandiswe nemutemo pakuita izvi;
 - kuona kuti pane kumiririrwa kwakaenzana kwevanhu vari munzvimbo dzavo.

3. Vashandi vemakanzuru ematunhu makuru neekumaruwa

- Vanofanirwa:
 - Kutevedza zviri muBumbiro reMitemo;
 - kusava vabati vezvigaro mumapato ezvematongerwo enyika;
 - kusarerekera divi rimwe chete mune zvematongerwo enyika;
 - kuremekedza kodzero nemhando dzerusununguko dzakakoshesesa dzevagari vemunyika.

Chikamu 2

Makanzuru ematunhu makuru neemaguta (Zvikamu 267-273)

1. Matunhu makuru nematunhu madiki

- Kuchava nematunhu makuru gumi anoti:

- Guta reBulawayo;
- Guta reHarare;
- Dunhu reManicaland;
- Dunhu reMashonaland Central;
- Dunhu reMashonaland East;
- Dunhu reMashonaland West;
- Dunhu reMasvingo;
- Dunhu reMatabeleland North;
- Dunhu reMatabeleland South; ne
- Dunhu reMidlands.

➤ Miganhw yematunhu madiki inodzika pachitevedzwa mutemo.

2. Makanzuru ematunhu makuru

- Dunhu guru rimwe nerimwe richava nekanzuru yedunhu inoubwa ne-
- vanhu vose vanenge vari nhengo dzeParamende vachimirira nzvimbo dziri mudunhu iroro;
 - mameya nanasachigaro vemakanzuru emadhorobha nemaruwa ari mudunhu iroro;
 - vanhu gumi vakasarudzwa kuchitevedzwa uwandu hwemavhoti akawanikwa musarudzo huru;
 - sachigaro anosarudzwa nenhengo dzaturwa pamusoro apa kubva pavanhu vanenge vadomwa nebato rine nhengo dzakawandisa kudarika mamwe muBoka reVanodzika Mitemo yeNyika mudunhu iroro.

3. Makanzuru emaguta

- Kanzuru yeguta imwe neimwe inoubwa ne-
- vanhu vose vanenge vari nhengo dzeParamende vachimirira nzvimbo dziri mudunhu iroro;
 - mameya nevatevedzeri vavo, nanasachigaro vemakanzuru emudunhu iroro;
 - muBulawayo, sachigaro wekanzuru ndiye achava meya weBulawayo;
 - muHarare, sachigaro wekanzuru ndiye achava meya weHarare uye mutevedzeri wasachigaro achange ari meya kana kuti sachigaro weguta rinotevera guta guru pakukura mudunhu iroro.

4. Mabasa emakanzuru ematunhu makuru neemaguta

- Mabasa awo anosanganisira:

- mabasa ebudiro yezveupfumi nezvekurarama kwevanhu;
 - kutungamirira nekuita zvirongwa zvehurumende;
 - kuchengetedza nekushandisa zviwanikwa;
 - kuongorora mashandisirwo ezviwanikwa.
- Vashandi vemakanzuru vanopihwa basa kuchitevedzwa zviri pamutemo.
 - Makanzuru anofanirwa kutsanangura mashandiro awo kuvanhu vemudunhu nekuHurumende yenyika.

5. Vanasachigaro vematunhu makuru nemakanzuru emaguta

- Vanofanirwa kuva vanhu vakakodzera kuva nhengo dzeParamende.
- Sachigaro wekanzuru yedunhu guru achasarudzwa neKanzuru yeDunhu guru kubva pamazita evanhu vaviri kana kupfuura vakakodzera anenge anyorwa nebato rezvematongerwo enyika rine zvinzvimbo zvakawanda kudarika mamwe kana kuti rakawana mavhoti akawanda kudarika mamwe muBoka reVanodzika Mitemo yeNyika mudunhu iroro.
- Sachigaro anogona kubviswa pazvinzvimbo nedare redzimhosva rakazvimirira kana achinge atadza kuita basa rake, aita zvisingatirisirwi zvachose pabasa, awanikwa ane mhosva yekusavimbika, uwori kana kushandisa simba rehofisi yake zvisizvo pamwe chete nekutyora mutemo.

Chikamu 3

Hurumende dzematunhu (Zvikamu 274-279)

1. Makanzuru emumadhorobha

- Achange ane basa rekuona nezvenyaya dzine chekuita nemadhorobha.
- Achaumbwa nemakanzura akasarudzwa nevagari vemudhorobha uye achitungamirirwa nemameya kana vanasachigaro.
- Kana meya chero upi zvake achifanirwa kuzova nesimba rechibwechitedza, anofanirwa kusarudzwa nevanhu vanovhota munzvimbo iyoyo.

2. Makanzuru ekumaruwa

- Achange ane basa rekuona nezvenyaya dzine chekuita nenzvimbo dzekumaruwa.
- Kusarudzwa kwemakanzura, vanasachigaro nezvinodikanwa kuti vave vakakodzera kusarudzwa zvichaitwa kuchitevedzwa zviri pamutemo.

3 Zvakasiyana-siyana zvine chekuita nehurumende dzematunhu dzose

- Dzichava nesimba re:
 - kugadzira mitemo, zvinobvumidzwa nezvisingabvumidzwi pakutungamirirwa kwenzvimbo dzavo;
 - kuripisa mari dzekufambiswa kwemabasa nemitero kuti dziwane mari yekushandisa mukuita mabasa adzo.
- Sarudzo dzhurumende dzematunhu dzichaitwa panguva imwe chete nesarudzo huru dzenyika.
- Kunze kwekunge vachisarudzwa kuti vave nemasimba echibwechitedza, vanameya nanasachigaro vachasarudzwa pamusangano wekutanga wekanzuru.
- Nhengo dzemakanzuru dzinorasikirwa nezvigaro zvadzo nenzira imwe chete inorasikirwa nayo zvigaro nenhengo dzeParamende uye dzinokwanisa kubviswa pazvigaro nedare redzimhosva rakazvimirira kana dzatadza kuita basa, dzaita zvisingatarisirwi zvachose pabasa, dzawanikwa dzine mhosva yekusavimbika, uwori kana kushandisa simba rehofisi zvisizvo kana kutyora mutemo.

CHITSAUKO 15

Madzishe (Zvikamu 280-287)

1. Cherechedzo

- Chitsauko chino chinogashira utongi hwemadzishe pasi pemutemo wetsika nemararamiro echivanhu unoshandiswa neMadzishe, masadunhu nemasabhuku munharaunda dziri pasi pavo.
- Utungamiriri hwemadzishe hwakazvimirira.

2. Madzishe

- Anofanirwa:
 - kuita basa nenzira inoenderana nezviri muBumbiro reMitemo;
 - kuita zvinhu nenzira isina kurerekera divi rimwe chete;
 - kusarerekera divi rimwe chete mune zvevatongerwo enyika;

- kusatyora kodzero nemhando dzerusununguko dzkakoshesesa dzemunhu chero upi zvake;
- kukoshesa tsika nemararamiro avo nenzira inoenderana nezviri muBumbiro reMitemo;
- kubata vanhu vose vari munzvimbo dzavo zvakaenzana uye zvakaringana.

➤ **Mabasa awo anosanganisira:**

- kukoshesa tsika nemararamiro evanhu uye kuchengetedza tsika nemagariro, zvakaaba kumadzitateguru, nhoroondo nenhaka dzenharaunda dzawo;
- kukurudzira tsika neunhu hwakanaka mumhuri;
- kuita kuti pave nebudiriro;
- kupedza kusawirirana pakati pevanhu achitevedza mitemo yechivanhu.

➤ **Madzishe anogadzwa kana kubviswa pazvinzvimbo:**

- neMutungamiriri weNyika;
- kuchitevedzwa zviri pamutemo uye tsika nemararamiro evanhu munharaunda dzawo;
- mushure mekunge kugadzwa kana kubviswa pazvinzvimbo uku kwatsigirwa neDare reMadzishe redunhu guru pamwe chete neGurukota rinoona nezvemadzishe;
- pasingatariswi zvine chekuita nezvematongerwo enyika.

➤ **Mari dzinotambiriswa madzishe dzinotarwa kuburikidza nemutemo uye dzinofanirwa kubvumirwa neMutungamiriri weNyika.**

3. Dare reMadzishe reNyika nematare eMadzishe ematunhu

- Dare reMadzishe reNyika nedare reMadzishe redunhu rimwe nerimwe achaumbwa kuchitevedzwa zviri mumutemo.
- Sarudzo dzeMutungamiriri neMutevedzeri weMutungamiriri weDare reMadzishe reNyika dzinoitwa neKomisheni inoona nezvesarudzo. Vanobvumidzwa kuva pazvinzvimbo kwemakore mashanu anogona kuwedzera nemamwe mashanu chete.
- Sarudzo dzemadzishe achapinda muDare reMadzishe reNyika dzichaitwa zviri pamutemo uye dunhu rimwe nerimwe rinofanirwa kumiririrwa muDare iri zvakaenzanirana.
- Matare edunhu ndiwo anosarudza madzishe anopinda muSeneti.
- Mabasa avo anosanganisira:
 - kukurudzira nekuchengetedza tsika nemararamiro echinyakare;
 - kumiririra pfungwa dzemadzishe nekuona kuti zvivo zvavozvakurudzirwa;
 - kutsanangura nekusimbisa unhu hwakanaka mumadzishe.

4. Komiti inoona nezvekuvimbika neunhu

Mutemo uchaita kuti paumbwe Komiti yemadzishe inoona nezvekuvimbika neunhu hunofanirwa kutevedzwa nemadzishe, kugadzirisa kusawirirana pakati pemadzishe nekuongorora zvichemo zvakanangana nezvingapomerwa madzishe.

CHITSAUKO 16

Minda yekurima (Zvikamu 288-297)

1. Zvinofanirwa kutevedzwa maererano neminda yekurima

- Vagari vemunyika vose, zvisinei neruvara rweganda, vane kodzero yekuva varidzi, yekugara, kushandisa kana kutengesa minda yekurima.
- Kugoverwa kweminda yekurima kunofanirwa kuitwa zvakaenzanirana uye kuchitarisa:
 - kuti ivhu chiwanikwa chinoenda chichipera uye kuti inhaka yevanhu vose;
 - kuenzaniswa kwevanhurume nevanhukadzi;
 - kusiyana kwezvido zvevagari vemunzvimbo.
- Kushandiswa kweminda yekurima kunofanirwa kukurudzira kuwanikwa kwezekudya zvakanakwana nekuwanisa mabasa, asi izvi zvinofanirwa kuitwa nenzira inochengetedza minda iyi kuitira vacharama mune ramangwana.
- Kodzero yekushandisa kana kugara pamunda wekurima haingobviswi pasina chikonzero.

2. Kodzero dziri paminda yekurima iyezvino

- Uridzi hweHurumende paminda yakatorwa pasi pechirongwa chekugoverwa patsva kweminda hunocherechedzwa.
- Muripo weminda yakatorwa neHurumende pasi pechirongwa chekugoverwa kweivhu patsva kuchaitwa chete paminda:
 - yakatorerwa zvizvarwa zveZimbabwe; uye
 - yakachengetedzwa nechibvumirano chakaitwa neHurumende yeZimbabwe neHurumende yeimwe nyika;
- Kodzero dzose zvadzo dzakapihwa vagari veminda yekurima yakatorwa neHurumende pasi pechirongwa chekugoverwa kweivhu patsva dzinokosheswa.

3. Kodzero yekuva pamunda

- Kuchatorwa matanho ekupa vanhu vanenge vari varidzi kana kuti vanenge vakagara paminda yekurima uridzi zviri pamutemo.
- Hurumende inogona kupa uridzi kana mvumo yekugara kana kushandisa ivhu pachibhadhariswa mari yeivhu iroto kana kupa chero imwe mvumo pamusoro peivhu.

- Munhu mumwe chete nemhuri yake anogona kugoverwa munda wekurima mumwe chete.
- Varidzi veminda vanogona kupa vamwewo vanhu kodzero dzavo pamunda wekurima.

4. Komisheni inoona nezveminda

- Nhengo dzayo dzinodomwa neMutungamiriri weNyika
- Nhengo dzayo hadzingobviswi pazvinzvimbo pasina chikonzero.
- Mabasa ayo anosanganisira:
 - Kuona kuti pakushandiswa kweminda yekurima pane kuenzanirana nekuitira zvinhu pachena;
 - Kuongorora mashandisirwo eminda yekurima nguva nenguva;
 - kusimbisa kutevedzwa kwemutemo une chekuita neuwanda hweminda inogona kupiwa kumunhu kana musha mumwe chete;
 - kupa mazano maererano neurefu hwenguva yekuti munhu ave muridzi wemunda, kugoverwa kweminda, kushandiswa nemakuriro eminda yekurima uye kuripwa zvakaenzanirana kweminda yakatorwa nehurumende;
 - kurerutsa zvinoitwa pakutorwa nekushandura uridzi hweminda.

CHITSAUKO 17

Zvine chekuita nemari (Zvikamu 298-317)

1. Kushandiswa kwemari

- Pakushandiswa kwemari yeHurumende:
 - panofanirwa kuva nekujeka nekutsanangura mashandiro uye mari inofanirwa kushandiswa zvakanaka uye ichichengetedzwa;
 - kushandiswa kwemari kunofanirwa kunangana nebudiriro yenyika;
 - mutoro wekubatirwa mari yemitero unofanirwa kugoveranwa zvakaenzana;
 - mari inenge yaunganidzwa nenyika inofanirwa kugoverwa zvakaenzana pakati pehurumende yenyika nehurumende dzematunhu makuru pamwe chete nemakanzuru;
 - mitoro nezvakakanaka zvinowanikwa kubva mukushandiswa kwemari nezvimwe zviwanikwa zvinofanirwa kugoverwa zvakaenzanirana pakati pevanhu varipo nhasi nevachauya mune ramangwana;
 - nhoroondo yemashandisirwo emari inofanirwa kujeka;

- kukweretwa kwemari kunofanirwa kuitwa nenzira yakajeka uye inobatsira nyika.

2. Kutungamirirwa neParamende

- Paramende inofanirwa kuongorora mashandisirwo emari yose yeNyika.
- Uwandu hwemari inokwanisa kukweretwa neNyika, chikwereti chenyika nezvinoshandiswa neNyika sechivimbiso chekuti ichabhadhara, hazvifanirwi kupfuura uwandu hwakatarwa pasina mvumo yeParamende.
- Paramende inofanirwa kugara ichiziviswa nezvezvikwereti zvehurumende nezvakashandiswa nehurumende sechivimbiso chekuti ichabhadhara zvikwereti izvi.

3. Kugoverwa kwemari

- Kugoverwa kwemari yekushandisa kunofanirwa kuitwa zvakaenzana pakati pemakanzuru ematunhu makuru neemaguta nemakanzuru ematunhu madiki pachitariswa zvinotevera:
 - zvido zvenyika;
 - mitemo ine chekuita nechikwereti chenyika;
 - zvinodikanwa nehurumende yenyika;
 - kuti kunodiwa rubatsiro rwezvakakoshesesa kunzvimbo dzakasaririra;
 - kuvapo kwemari nekugona mabasa kwemakanzuru ematunhu makuru neemaguta nemakanzuru ekumaruwa;
 - kusaenzana mune zveupfumi kunowanikwa pakati pematunhu makuru.
- Mari isiri pasi pezvikamu zvishanu kubva muzana inenge yaunganidzwa nenyika mugore rezvekushandiswa kwemari inofanirwa kugoverwa kumatunhu nemakanzuru.

4. Homwe yemuunganidzwa wemari yeHurumende

- Mari yose inowanikwa neNyika ichibva kwakasiyana-siyana inofanirwa kuiswa muHomwe yemuunganidzwa wemari yeHurumende kunze kwekunge mutemo wabvumidza kuti iendeswe kumwe kunhu.
- Mari inokwanisa kutorwa kubva muHomwe yeMuunganidzwa weMari yeHurumende chete kuchitevedzwa zviri muBumbiro reMitemo rino pamwe neMutemo.
- Mari inofungidzirwa kuti ichaunganidzwa pamwe chete neinofungidzirwa kuti ichashandiswa neHurumende inofanirwa kubvumirwa neBoka reVanodzika Mitemo yeNyika gore rimwe nerimwe;
- Mari inofungidzirwa kuti ichadiwa kuti iwedzerwe inogona kubvumirwa kana mari yakange yagoverwa pakutanga yakange iri shoma kana kuti mari iyi ichidirwa chinhu chakanga chisina kunge chiri muhurongwa hwekutanga.
- Pane panofanira kugumirwa pamari inobvumirwa kushandiswa pazvinhu zvakange zvisingatirisiwi muhurongwa hwezvemari panguva yakugoverwa kwemari, asi mvumo yekushandisa mari iyi inofanirwa kuzokumbirwa pachishandiswa mari yekuwedzeredzwa.

- Mvumo yekushandisa mari yakange isiri muhurongwa hwemari inogona kukumbirwa kuburikidza neMutemo weParamende.

5. Mari nepfuma yehurumende

- Mari nepfuma yehurumende zvinofanirwa kuchengetedzwa nekushandiswa pazvinhu zvakabvumirwa pamutemo.
- Pfuma yeHurumende inofanirwa kuchengetedzwa kuti isarasika, isaparara, isakuvadzwa kana kushandiswa zvisizvo.
- Panofanira kutorwa matanho ekuranga munhu chero upi zvake anenge atyora mutemo uye zvinenge zvatorwa zvinofanirwa kudzororwa.

6. Muongorori Mukuru wezveMari

- Hofisi yeMuongorori Mukuru wezveMari inoita basa rehurumende asi yakazvimirira.
 - Muongorori Mukuru wezveMari ane basa re:
 - kuongorora magwaro ezvemari, magwaro anoratidza mashandisirwo akaitwa mari nemashandisirwo emari mumapazi ose ehurumende;
 - kuongorora magwaro ezvekushandiswa kwemari mumakambani ane chekuita neHurumende nemakambani anoshanda ari pasi pehurumende;
 - kuraira kuti patorwe matanho ekugadzirisa zvinokanganiswa pakushandiswa kwemari yeHurumende.
- Muongorori Mukuru wezveMari anodomwa neMutungamiriri weNyika apihwa mvumo neParamende.
- Anofanirwa kuva mugari wemuZimbabwe.
- Urefu hwenguva inobvumirwa kuti munhu ave pachinzvimbo cheMuongorori Mukuru wezveMari makore matanhatu uye haazopfuuri makore gumi nemaviri.
- Mari inotambirwa nezvimwe zvinopiwa Muongorori Mukuru wezveMari zvinotarwa nemutemo uye zvinofanira kubvumirwa neMutungamiriri weNyika.
- Anobviswa pabasa neMutungamiriri weNyika zvichitsigirwa nedare rinenge rakagadzwa kuti riferefete nyaya yekuti abviswe.
- Kupinzwa basa nemashandiro anotarisirwa kuvashandi vemuhofisi yeMuongorori Mukuru wezveMari kunoitwa neboka rakaumbwa nemutemo kuti riite basa iri.

7. Kutengwa kwezvinhu

- Kutengwa kwezvinhu neHurumende kunotevedza zviri pamutemo.

8. Mapoka anoona nezvemitemo

- Mutemo unofanirwa kuita kuti pave nekutungamirirwa kwakanaka kwemakambani ane chekuita neHurumende uye kuona kuti vatungamiriri vemakambani aya vatungamirira

kwenguva yakatarwa uye kuti kana vachidzororwa pazvinzvimbo, izvi zviitwe nekuda kwekugona basa kwavo.

9. Bhangi Guru reNyika

- Mutemo unofanirwa kuita kuti bhangi Guru reNyika riraire mashandisirwo ezvemari, richengetedze mari yeZimbabwe nekuumba nekudzika mirairo yezvemashandisirwo emari.

CHITSAUKO 18

Mitemo yakasiyana-siyana nemimwe yakawedzera

Chikamu 1

Mitemo yakasiyana-siyana maererano nemaKomisheni (Zvikamu 318-323)

1. MaKomisheni

- MaKomisheni ose:
 - ane chimiro chemakambani;
 - nhengo dzemaKomisheni akazvimiririra, Komisheni inoona nezveUtongi, Komisheni inoona nezvekurwisana neuwori neKomisheni inoona nezveminda chete ndidzo dzinoshanda kwenguva yakatarwa asi nhengo dzemamwe MaKomisheni ose dzinoshanda kwenguva inodiwa neMutungamiriri weNyika;
 - vanasachigaro nevatevedzeri vanasachigaro vemakomisheni vanofanirwa kunge vasiri varume vose kana vakadzi vose;
 - mari inotambirwa nenhengo dzemakomisheni nezvimwe zvadzinowana zvinotarwa nemutemo uye haifanirwi kudzikiswa panguva yavanenge vari pazvinzvimbo;
 - Paramende inofanirwa kupa mari yakakwana yekuti makomisheni agone kuita mabasa awo nemazvo;
 - anofanirwa kupa maripoti emashandiro awo epagore nemamwe magwaro angadiwa kuParamende.

Chikamu 2

Zvakasiyana-siyana (Zvikamu 324-329)

1. Zvakasiyana-siyana

- Mabasa anotarisirwa muBumbiro reMitemo anofanirwa kuitwa nemoyo wese.

- Mapoka nemasangano akaumbwa kuburikidza neBumbiro reMitemo anofanirwa kupihwa mari yakakwana.
- Mitemo yezvinotarisirwa munyika dzepasi rose inotambirwawo semitemo yeZimbabwe, kunze kwekunge isingawirirani nezviri muBumbiro reMitemo nemutemo.
- Zvibvumirano zvenyika dzepasi rose zvakasainwa neZimbabwe zvichasunga Zimbabwe kana zvichinge zvabvumirwa neParamende uye zvichagashirwa semutemo wedu kana zvaiswa mumutemo kuburikidza nemutemo weParamende. Paramende inogona kuti chibvumirano cheniyika dzepasi rose chero chipi zvacho hachinei nekupihwa mvumo neParamende kunze kwezvibvumirano zvinoda kuti pabviswe mari yehurumende kana kuti mutemo weZimbabwe unadzurudzwe.
- Zvibvumirano zvenyika dzepasi rose zvinofanirwa kupihwa mvumo neParamende zvisati zvashandiswa pavanhu vemuZimbabwe.
- Matare edzimhosva anofanirwa kupa tsananguro dzine musoro dzemitemo inoenderana nezvibvumirano zvenyika dzepasi rose.

2. Kunadzurudzwa kweBumbiro reMitemo

- Mutaauri anofanirwa kupa chiziviso chemazuva makumi mapfumbamwe mu*Gazette* chekuda kuunza bhiri rekunadzurudza Bumbiro reMitemo.
- Ruzhinji rwevanhu runofanirwa kukokwa kuti rupe pfungwa dzarwo nekukasika mushure mekuziviswa uku. Panofanirwa kuitwa misangano yekuti vanhu vape pfungwa dzavo.
- Bhiri reBumbiro reMitemo rinofanirwa kupasiswa nezvikamu zviviri kubva muzvitatatu zvenhengo dzedare rimwe nerimwe reParamende.
- Kunadzurudzwa kwezvitsauko zvine chekuita nekodzero nerusununguko rwevanhu uye zvine chekuita neminda yekurima (Zvitsauko 4 ne16) kunofanirwa kuendeswa kureferenda mukati memwedzi mitatu kubva pazuva rapasiswa nadzurudzo iyi neParamende uye inozonzi wava mutemo kana referenda yatsinhira.
- Kunadzurudzwa kweurefu hwenguva yakatarwa kuti munhu agone kuva pachinzvimbo nechinangwa chekuwedzera urefu hwenguva hakuwedzere urefu hwenguva yekuti munhu ave pachinzvimbo kana kusati kwaitwa mutemo.
- Zvikamu zvidiki (6) ne (7) zvechikamu 328 cheBumbiro reMitemo hazvikwanisi kunadzurudzwa muBhiri remutemo rimwe chete uye kunadzurudzwa kwezvikamu zvidiki izvi hakukwanisi kuendeswa kuvanhu mureferenda imwe chete.
- Kunadzurudzwa kwechikamu 328 cheBumbiro reMitemo kunofanirwawo kubvumirwa mureferenda mushure mechiziviso chemwedzi mitatu uye kwapasiswa neuwandu hwezvikamu zviviri kubva muzvitatatu zveParamende.

3. Kutanga kushanda kweBumbiro reMitemo

Bumbiro reMitemo rino richatanga kushandiswa mumatanho anotevera:

- Danho rekutanga: pazuva rekuburitswa kweBumbiro reMitemo, mitemo iyi ichatanga kushanda:

- mitemo inobvumidza kuitwa kwesarudzo dzekutanga pasi peBumbiro reMitemo rino, uye izvi zvinosanganisira:
- chitsauko chiri maererano nesarudzo;
- sarudzo yeMutungamiriri weNyika (asi kuti mumakore gumi ekutanga esarudzo yekutanga, Mutungamiriri weNyika haafanirwi kudoma Vatevedzeri veMutungamiriri weNyika vaanofanirwa kusarudza pamwe chete naye, asi kuti achasarudza vatevedzeri vemutungamiriri wenyika uye kana chinzwimbo chemutungamiriri wenyika chikasara chisina munhu, munhu anodomwa nebato rezvematongerwo enyika reMutungamiriri weNyika akange aripo ndiye achaiswa pachinzvimbo ichi) (ndima 14 yeNhamatidzwa);
- chitsauko chiri maererano neNhengo dzeParamende nekushevedzwa kubasa kweDare reParamende mushure mekuitwa kwesarudzo;
- chitsauko chiri maererano nezvinofanirwa kutevedzwa pakutungamirirwa kweruzhinji rwevanhu neutungamiriri;
- mitemo ine chekuita nemashandiro evanoona nezvekuchengetedzwa kwenyika;
- mitemo iri maererano neKomisheni inoona nezvesarudzo
- chitsauko chiri pamusoro pekodzero dzevanhu nerusununguko;
- mitemo iri maererano neDare redzimhosva rinoona nezveBumbiro reMitemo;
- chitsauko chiri maererano nehurumende dzematunhu nemakanzuru.

Mitemo iyi ichakosheswa kupfuura mimwe mitemo yakafanana neyi yemuBumbiro reMitemo riripo iyezvino.

- Danho rechipiri: zuva rekutanga kushanda kweBumbiro reMitemo, iro richava zuva rekutanga basa kweMutungamiriri weNyika, Bumbiro reMitemo rose richabva ratanga kushanda.

Chikamu 329 sekuverengwa kwacho pamwe chete neNamatidzwa 6.

Chikamu 3

Tsananguro (Zvikamu 330-345)

- Muchikamu chino, mazwi akashandiswa muBumbiro reMitemo akatsanangurwa muchikamu 322.
- Dzimwe nyaya dzakatsanangurwawo muChikamu chino, dzimwe dzacho dzinosanganisira:
 - Zvinoreva:
 - “achitevedza mazano aanopiwa ne” zvichireva kuti anenge apihwa mazano anofanirwa kuatevedza;

- kuita “mushure mekubvunza mazano...” zvinoreva kuti ari kutaurwa nezvake anofanirwa kubvunza mazano asi hazvirevi kuti anofanirwa kutevedza mazano aanenge apihwa;
- Kusiya basa:
 - Mutungamiriri wenyika anosiya basa kuburikidza nekuzivisa Mutaauriri weParamende;
 - Mutaauriri neMutungamiriri weSeneti nevatevedzeri vavo vanosiya basa kana vazivisa Munyori weParamende kana kuti kuburikidza nekuzivisa Dare ravanenge vachitungamirira;
 - Nhengo dzeParamende dzinosiya basa kuburikidza nekuzivisa Mutaauriri kana kuti Mutungamiriri weSeneti zvichienderana nekuti dziri mudare ripi;
 - Nhengo dzemapoka akaumbwa kuburikidza neBumbiro reMitemo dzinosiya basa kana dzazivisa akadzidoma kuti dzive pabasa.
- Uwandu hwenhengo hunodikanwa kuti musangano uitwe:
 - kazhinji, chikamu chepakati nepakati chenhengo dzose dzeboka ndihwo uwandu hunodikanwa kuti musangano uitwe;
 - kusavapo kwenhengo yeboka hakutadzisi boka iri kuita musangano kana pane uwandu hwenhengo hunodikanwa kuti musangano uitwe;
 - Kana takanangana neParamende, panotaurwa nezvenhengo dzose hapaverengerwi zvigaro zvisina vanhu.